

ISSN 2088 0812

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

GITIS BASA

NGGAYUH UTAMANING BASA MRIH LUHURING PAKARTI



CEPROTAN


*Perang Cengkir Ing Desa Sekar,
Pacitan.*



BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TIMUR



Isinipun Majalah



2



5



36



40



46



47

Atur Sapala Kabudayan

Tradhisi.

Ceprotan

Perang Cengkir Ing Desa Sekar, Pacitan.

Sri Narjati

1

Pangarsa

Sutan Syahrir Perdana Menteri Kapisan

Ugi Pahlawan Nasional.

J.F.X. Hoery

2

Cariyos

Nanting Kasetyanipun Kawula

J.F.X. Hoery

Gunung Orak Arik

St. Sri Emyani

5

8

11

Cerkak

Kok Lagi Saiki Ngomong

Retna Yudhawati

Rembulan Panglong

Nono Warnono

Sampyuh

St. Sri Emyani

Suket Teki

Zuly Kristanto

15

19

23

25

Geguritan

J.F.X. Hoery

Nono Warnono

Gampang

Keliek SW

St. Sri Emyani

Sri Ismini Istuningsih

Sri Astuti

Peni Kusumawati

Eksi Sekarini

27

28

29

30

31

32

33

34

35

Papan Wisata

Papan Wisata Alam Kabupatèn Pacitan.

Pacitan kitha 101 guwa

Kathah Papan Wisata Alam ingkang ngelam-elami

J.F.X. Hoery

Taman Wisata Kili Kili Inggang Ngresepi Ati

St. Sri Emyani

36

40

Gegujengan

-Ditabrak Ban

-Melu Manten

Gayuh R. Saputro

43

Pitutur Luhur

Pitutur Luhur

J.F.X. Hoery

44

Daharan

Acar Gurami Tresno

Istirah

46

Wawancara

Gampang Prawoto,

Sastrawan Jawa lan Pegiat ing Sanggar Sastra PSJB

(Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro)

47

ISSN 2088 0812

TITIS BASA
MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

PENANGGUNG JAWAB
Asrif

REDAKTUR
Dalwiningsih

DEWAN REDAKSI
Darmono Saputro (Javanologi Surabaya)
Amir Mahmud (Balai Bahasa Jawa Timur)

DESAIN GRAFIS
Okky N.

SEKRETARIAT
Rahmidi

ALAMAT REDAKSI
Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur
Jalan Siwalanpanji II, Buduran, Sidoarjo 61252
Telepon/Faksimile 031-8051752
Pos elektronik: dalwiningsih@yahoo.com

Majalah Titis Basa nampi seratan kadosta cariyos, pangarsa, gegujengan, tetembungan, geguritan, lan naskah sanesipun ingkang wonten sesambetanipun kaliyan basa lan budaya Jawa. Redhaksi sampun sarujuk kaliyan isinipun lan kantun nerbitaken kémawon.

**ATUR
SAPALA**

Assalamu`alaikum wr. wb.

Sugeng pinanggih malih para maos. Kados pundi pawartosipun sedherek Titis Basa sedaya, redhaksi ngaturaken pamuji mugi kita sami pinaringan kasarasan ugi pangayomanipun Gusti Inggang Maha Agung, aamiin. Alhamdulillah, bingah sanget majalah Titis Basa saged terbit malih ing taun 2021 edhisi sangalas menika.

Mangsa pandemi ingkang taksih dereng sirna ngantos wekdal menika, mugi tetep ndadosaken kita waspada. Sumangga kita sareng-sareng tetep njagi lan nerapakan protokol kesehatan ing sedaya pedamelan saben dintenipun.

Redhaksi tansah ngaturaken agenging panuwun kaliyan para kadang ingkang sampun nyerat lan kintun naskah amrih nguri-uri majalah basa Jawa krama menika.

Sumangga para sutresna basa lan budaya Jawi, redhaksi aturi kintun naskah ing alamat posel ingkang sampun katulis ing sisi kiwa atur sapala. Pangajengipun redhaksi, mugi majalah Titis Basa saged maringi munfangat kanggè kita sedaya. Nuwun.

Wassalamu`alaikum wr. wb.

Tradhisi.
CEPROTAN
Perang Cengkir Ing Desa Sekar, Pacitan.



Dewi Sekartaji nampi degan saking Ki Godheg (foto :Ist)

Adicara tradhisi Ceprotan ing Desa Sekar, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan sampun lumampah atusan warsa, ingkang ngantos sakpunika taksih lestantun katindakaken. Mboten kasumerepan nilai kalamenapa adicara tradhisi Ceprotan menika kawiwitan. Adicara Ceprotan menika rerangkenipun kaliyan tradisi bersih desa. Dipun wontenaken setunggal warsa sepisan, ngleresi dinten Senin Kliwon wulan Zulkaidah (Longkang, Sela).

Lampahipun adicara.

Adicara Ceprotan menika kenging kawastanan perang cengkir (klapa enem). amargi alat utami cengkir. Cengkir ingkang sampun dipunbucal sepetipun, saha karendem toya saderengipun, kersanipun lembek bathokipun./Cengkir=cengkir wau dipunwadhahi krajang, lajeng diarak.tumuju lapangan panggenan adicara. Ingkang mbeta para kaneman ingkang badhe nindakaken ceprotan. Dumugi lapangan cengkir kapalih dados kalih, semanten ugi para pemudha kaperang dados kalih kelompok, lajeng adhep-adhepan letipun watawis sakpembalang. Ing tengahipun wonten ingkung ayam utawi ayam panggang. Menawi sadaya sampun

samapta , salah setunggilipun sesepuh ngunjukaken donga nyuwun kelancaran saha kawilujengan.

Bibar dipundongani, lajeng kagelar sendratari Asmarabangun - Dewi Sekartaji, inggih menika nggambaraken pepanggihanipun Ki Godheg kaliyan Dewi Sekartaji. Ingkang dados paraga ERaden Panji Asmarabangun Kepala Desa ingkang dados paraga Dewi Sekartaji garwanipun Kepala Desa., Saramampungun pagelaran sendratari Ceprotan dipunwiwiti kanthi sawat-sawatan utawi balang-balangan cengkir (perang cengkir) ngantos pasadiyan cengkir ing kranjang telas. Wonten kapitadosan, soksintena ingkang kenging sawat nganrtos cengkiripun pecah , toyanipun nggrujuk badan, ing tembe ingkang kenging balang wau badhe manggih rejeki kathah.

Menawi cengkir sampun telas, dipun tutup kanthi donga malih., Biyasanipun ing adicara-adicara menapa kemawon, donga namung katindakaken sepisan, nanging tradhisi Ceprotan, donganiupun kaping kalih, wiwitan lan pungkasan (rampung ceprotan). Ingkung/ayam panggang ingkang wau kaseleh tengah lapangan, dipun pendhet, kangge

lawuh kembul bojana sadaya ingkang rawuh utawi ingkang kersa.

Dedongenganipun

Dedongenganipun wontenipun adicara tradhisi **Ceprotan** mnenika kangge mengeti sesepuh ingkang cikal bakal desa Sekar..Kala rumiyin laladan Donorojo menika taksih arupi wana saha pasitenipun garing, pareden gamping kalebet jejeran redi Sewu, ingkang awis sanget sumber toyanipun.. Wonten pawongan ingkang ngumbara ngantos dumugi tlatah Donorojo mriku. Tiyang neneka ingkang mesthinipun inggih nganthi rowang, dumugi satunggiling papan lajeng babad wana kadamel pakampungan. Pawongan wau asma Ki Godheg., kaangkat pinangka sesepuhing pakampungan enggal wau.

Sasampunipun sawatawis warsa, wonten pawongan estri kalih ugi ngumbara ngantos dumugi panggenan ingkang dipun babad Ki Godheg. Putri kekalih wau Dewi Sukonandi kaliyan rayinipun Dewi Sekartaji saking Kadiri. Dewi Sekartaji kepranan kaliyan papan enggal menika, pramila piyambakipun lajeng kantun wonten mriku dene Dewi Sukonandi nglajengaken anggenipun ngumbara.

Satunggiling dinten Dewi Sekartaji pinanggih Ki Godheg, sambat menawi ngorong. Dewi Sekartaji nyuwun dhateng Ki Godheg supados madosaken toya klapa badhe dipun inum. Kamangka tlatah mriku mboten



Arak-arakan tumuju lapangan/ (foto : Ist)

wonten taneman klapa. Ki Godheg lajeng matakaji, ambles ing bumi badhe pados klapa. S a k i n g panguwaosing Gusti, papan amblesipun ki Godheg dados sumber toya. Piyambakipun lajeng njedhul ing satunggiling panggenan ingkang wonten klapanipun. Papan panjedhulipun Ki Godheg ugi

lajeng medal toyanipun dados kedhung nganrtos sakpriki dipunwastani kedhung Timo. Sakiwa tengenipun papan wau kathah witipun Kalak, Ki Godheg ngendika :”Tlatah iki akeh wite Kalak, mula mbesuk yen tekan rejaning jaman dadiya jeneng desa Kalak.”

Ing mriku kathah witipun klapa. Pramila Ki Godheg lajeng mendhet deganipun kabeta wangsul dhateng panggenanipun Dewi Sekartaji. Papan njedhulipun Ki Ghodheg ing panggenanipun Dewi Sekartaji ngentosi ugi lajeng medal sumber toyanipun, ingkang salajengipun kangge oleh tetanen. Dewi Sekartaji lajeng minum toya degan ngantos ical ngorongipun, turahanipun toya klapa ksirat-sirataken. . Dhateng Ki Godheg Dewi Sekartaji

nyuwun, amrih papan enggal menika mbejang ing rejane jaman kawastanan desa Sekar. Ki Godheg nayogyani.

Ing wingkingipun, kasumerepan pranyata Ki Godheg menika mboten sanes Raden Panji Asmarabangun garwanipun Dewi Sekartaji. Piyambakipun linggar saking kraton, lelanabrata ngantos dumugi



Balang-balangan cengkri: (foto : Ist)

tlatah Pacitan. (Rumiyin dereng kasebat Pacitan). Samurcaipun Raden Panji Asmarabangun, dewi Sekartaji sekelangkung sisah. Pramila piyambakipun ugi nilar praja Kediri, ngumbara saperlu madosi ingkang garwa. Tindakipun Dewi Sekartaji dipuntutaken mbakyunipun, Dewi Sukonadi.

Kados pundi cariyos salajengipun Panji Asmarabangun kaliyan Dewi Sekartaji wau, sasampuniupun pinanggih mboten kacriyosaken. Ingkang kasebat salajengipun namung asmanipun Ki Godheg pinangka pepundhenipun desa Sekar ingkang cikal bakal babad wana ing mriki kinarya padunungan ing ngantos sakmenika kasebat desa Sekar. Seanosa rumiyin papan waucengkar, sakmenika Desa Sekar kalebet desa ingkang subur karana wontenipun sumber toya tilas papan ambles saha njedhulipun Ki Godheg nalika pados degan, Kangge ngluhuraken ki Godheg lajeng katindakaken adicara cep[ro]tan menika.

Makna tradhisi Ceprotan.

Tradhisi Ceprotan menika ngandhut makna pralambang menggahing tiyang gesang. Barang

utami ingkang kangge tradhisi ceprotan arupi cengkir. Cengkir menika kapendhet saking jamboran tembung jawi kencenging (ceng) pikir (kir). Maknanipun tiyang ingkang kepengin nggayuh kekajengan, pepenginan kedah katindakaken kanthi kencenging pikir, kanthi tekad mantep.

Sawat-Osawatan (balang-balangan) cengkir menika nglambangaken sifat gotong royong (kebersamaan-Indoneisia).

Inkung atawi ayam panggang dados lambang rejeki. ingkang kita tampi saking pambudidaya ingkang mugen. Donga kaping kalih, pambuka saha panutup, ngemutaken saben amiwiti tumindak kedah emut Gusti semanten ugi sasampunipun kasil ugi emuit dhateng Gusti.

Adicara tradhisi Ceprotan menika dening pamarentah sampun katetepaken pinangka Warisan Budaya Tak Benda nalika warsa 2017.

Makaten menggah lumampahipun tradisi Ceprotan ing Desa Sekar, Kecamatan Donorrojo, Kabupaten Pacitan. Nuwun.

(Sri Narjati)



Dewi Sekartaji (Foto:Ist)

~ pangarsa ~

Sutan Syahrir Perdana Menteri Kapisan Ugi Pahlawan Nasional.

(J.F.X. Hoery)



Sutan Syahrir, 5 Maret 1909 - 9 April 1966. (Foto Ist)

Jaman Presiden Sukarno ing warsa 1945-1959 wonten kalenggahan (jabatan) Perdana Menteri pinangka pangarsa (Kepala) Paprentahan. Salebetipun warsa 1945 - 1959, wonten kalenggahan Perdana Menteri cacah 10 (sedasa).

Ing kalodhangan menika, Titis Basa badhe ngaturaken bio0grafi Perdana Menteri ingkang kapisan, inggih menika Sutan Syahrir ingkang ugi pinangka Pahlawan Nasional.

Sutan Syahrir miyos ing kitha Padang Panjang, Sumatra Kilen tanggal 5 Maret 1909. Ramanipun Mohamad Rosad ingkang nyandhang gelar bangsawan Maharaja Sutan bin Sutan Leman gelar Sutan Palindih. Ibunipun Puti Siti Rabiah asli saking Koto Gadang, ugi laladan Sumatra Kilen.

Sultan Syahrir pinangka putra bangsawan, pramila saged sekolah wonten ELS (Europeeche Lagere Scholl_) menawi sakmenika Sekolah Dhasar (SD). Saking ELS nglajengaken dhateng MULO (Meer Uitgebreid Lager Onderwuijs) samenika SMP, lulus saking MULO mlebet AMS (Algemeene Middelbare Scholl) wonten Bandung. Wiwit wonten AMS menika Sutan Syahrir miwiti kegiatan

organisasi, nyerat kangge kalawarti, ugi ndherek klub kesenian ing sekolahanipun.

Tamat saking AMS nglajengaken kuliah wonten negari Walandi, mlebet wonten Fakultas Hukum ing Universitas Amsterdam. Sutan Syahrir kuliah sinambi nyambut damel wonten Sekretariat Buruh Transportasi Internasional. Wonten negari Walandi piyambakipun tepang kaliyan tokoh-tokoh politik internasional, wiwit nyinaoni babagan politik. Piyambakipun kathah nyinaoni teori-teori Sosialisme, sesarengan mitranipun Salomon Tass ingkang dados Ketua Club Mahasiswa Sosial Demokrat. Wonten mrika Sutan Sayhrir ugi dados anggota Perhimpunan Indonesia ingkang dipun pimpin Mohamad Hatta.

Anggenipun kuliah wonten Amterdam mboten tamat, warsa 1931 piyambakipun medal lajeng wangsul dhateng Indonesia nglajengaken perjuwangan nggayuh kamardikan Indonesia., Sultan Syahrir mlebet Partai Nasional Indonesia Baru ingkang dipunpimpin Bung Hatta, sasampunipun Bung Karno pinangka pimpinan Partai Nasional Indonesia (PNI) dipunkendhangaken Pamarentah

Hindia Belanda. Bung Hatta lajeng ngedegaken PNI Baru, ingkang dipun piumpin sesarengan Sutan Syahrir.

Wangsulipun Sutan Syahrir dhateng Indonesia dipun susul Maria Duchasteau garwanipun Salomon Tass. Nalika tgl. 10 April 1932 Syahrir nikah kaliyan Maria Duchateau wonten Medan. Pamarentah Hindia Belanda sumerep pramila pernikahan wau nalika tanggal 5 Mei 1932 dipun batalaken, lan Maria Duchateau kawangsulaken dhateng Walandi.

Sutan Syahrir kaliyan Mohamat Hatta nglajengaken pergerakan tumuju Indonesia meredka, saengga piyambakipun kekalih dipun tangkep pamarentah lajeng kaselong dhateng Boven Digul, Papua nalika tanggal 28 Januari 1935. Warsa 1936 kekalihipun dipunpindhah dhateng Bandanaira ngantos warsa 1942. Wonten Bandanaira pinanggih Iwa Kusumasumantri kaliyan Cipta Mangunkusuma ingkang kaselong langkung rumiyin.

Warsa 1942 jaman Jepang sadaya tawanan Hindia Belanda dipunbebasaken dening Jepang. Syahrir wangsul ing tanah Jawi. lan jaman Jepang berjuang “di bawah tanah” kangge nggayuh kamardikan Indonesia. Nalika tanggal 15 Agustus, Sutan Syahrir ingkang dipunsengkuyung para pemudha ndheseg Bung Karno kaliyan Bung Hatta supados ngumandhangaken kamardikan. Bung Karno ngugemi keputusan Panitia Persiapan Kamardikan Indonesia (PPKI) bilih kamardikan badhe katetepaken tagl. 24 September. Menika ingkang njalari para pemuda tanggal 16 Agustus

1945 mboten sabar, lajeng nyulik Bung Karno kaliyan Bung Hatta kabeta dhateng Rengasdengklok, Sepisan malih para pemudha ndheseg Bung Karno ngumandhangaken kamardikan. Pungkasanipun kamardikan Indonesia dipunkumandhangaken dening Bung Karno kaliyan Bung Hatta, tanggal 17 Agustus 1946 wanci tabuh 10.00 saking Pegangsaan Timur 56, Jakarta.

Tanggal 14 Nopember 1945 – 2 Maret 1946 Sutan Syahrir dipunangkat pinangka Perdana Menetri sepisanan. Tanggal 2 Maret – 1946 - 2 Oktober 1946 dipun kendeli, saengga mboten wonten Perdana Menteri. Nanging. Tanggal 2 Oktober 1946 dipunangkat malih dados Perdana Menteri ngantos 3 Juli 1947. Warsa 1947 Sutan Syahrir makili Indonesia ing Sidang PBB ingkang ngasilaken Pamarentah Walandi ngakeni kedaulatan saha kamardikan Indonesia.

Sasampunipun mboten dados Perdana Menteri, Sutan Syahrir kaangkat dados penasehat Presiden, saha dados Duta Keliling. Warsa 1948 ngedegaken Partai Sosialis Indonesia (PSI)

Warsa 1951 Sutan Syahrir krama malih kaliyan Siti Wahyunah, akad nikahipun wonten Mesir. Kaliyan Siti Wahyunah pinaringan putra kalih, Kriya Aisiah Syahrir kaliyan Siti Rabiyyah Parwati Syahrir.

Salebetipun warsa 1951-1960 an Sutan Syahrir mboten wonten pemereintahan malih, nanging giyat ing partai politik, inggih menika Partasi Sosialis Indonesia (PSI) kaliyan nyerat kangge majalah Daulat Rakyat, Suara Sosialis saha



Bung Karno kal;iytan Sutan Syahrir (Foto : Ist)

surat kabar sanesipun. Kathah seratan-seratanipun ingkang ngengingi perjuangan ingkang kaserat wiwit warsa 1931. Saperangan wonten ingkang dipun terjemahaken saking basa Landi saha katerbitaken dening H.B. Yasin.

Warsa 1960 Partai Sosialis Indonesia dipunbubarken pamarentah amargi dinakwa katut ing pemberontakan PRRI (Pemerintahan Revolusioner Republik Indonesia) warsa 1958 ing pusatipun ing Padang, Sumatra Kilen. Saengga ing warsa 1962 Sutan Syahrir dipuntangkep, dipunbui tanpa sidang pengadilan ngantos warsa 1965. Wonten bui Sutan Syahrir nandang gerah strook, Pamarentah ngidini Sutan Syahrir berobat dhateng Surich, Swis, kanthi prabbeya negari. Pungkasanipun Sutan Syahrir seda wonten Swis nalika tanggal 9 April 1966. Ngepasi sedanipun, pamarentah Republik Indonesia kanthi Keputusan Presiden No. 76 taun 1966 netepaken Sutan Syahrir pinangka Pahlawan Nasional. Pramila jenasahipun kasarekaken ing Makam Pahlawan Kalibata

Kalenggahan ingkang natos kaemban

- Perdana Menteri Indonsia kapisan
- Ketua Partai Sosialis Indonesia.
- Ketua delegasi Republik Indonesia ing perundingan Linggajati.
- wakil Republik Indonesia ing sidang PBB taun 1947.
- Duta Keliling Republik Indonesia.

Sedasa Perdana Menteri Indonesia

Ing ngajeng kasebataken bilih Indonesia salebetipun warsa 1945-1959 wonten kalenggahan Perdana Menteri cacah sedasa (10). Perdana menteri wau inggih punika :

1. Sultan Syahrir – 14 Nopember 1945 – 12 Maret 1946..
Sutan Syahrir – 23 Oktober 1946 – 2 Oktober 1947
2. Amir Syarifudin - 3 Juli 1947 – 29 Juni 1948
3. Mohamad Hatta – 4 Agustus 1949 – 20 Desember 1949
4. Abdul Halim – 21 Januari 1950 – 6 September 1950
5. Mohamad Natsir - 6 September 1950 – 22 April 1952
6. Sukiman Wirjosandjojo - 22 April – 191 – 3 April 1952
7. Wilopo – 3 April 1952 – 30 Juli 1953
8. Ali Sastroamidjojo – 30 Juli 1953- 12 Agustus 1955
Ali Sastroamidjoyo 24 Maret 1956 – 9 April 1957
9. Burhanudin Harahap – 12 Agustus 1955- 24 Maret 1956
10. Djuanda – 9 April 1957 – 9 Juli 1959. @

Nuwun



Bung Hatta, Bung Karno, Sutan Syahrir. (Foto : Ist)

Cariyos Babad.

NANTING KASETYANIPUN KAWULA

Karacik deing : J.F.X. Hoery

Sampun sawatawis wekdal Sang Prabu Jayanagara masanggrah wonten dalemipun Buyut Bedhander kadherekake sawartawis barangkara ingkang tinindhihan Bekel Gajah Mada. Cumondhokipun Sang Perabu ing Bedhander awit saking krenahipun Bekel Gajah Mada, anggenipun milujengaken Sang Prabu.

Linggaripuhun Sang Prabu saking kitharaja, sasampunipun kedadosan dahuru brontakipun Semi kaliyan Kuti ingkang saged ngebroki dhampar kedhaton. Nalika semanten bayangkara kraton dereng pulih kekiyatanipun sasampunipun numpes mbalelanipun Sura, Juru Demung saha Nambi. Ningali kawontenan makaten, Semi kaliyan Kuti nrambul karingkahanipun bayangkara kedhaton.

Sang Prabu dhawuh dhateng Mahapati kinen ngimpun para bayangkara ngadhepi Semi saha Kuti. Kelampahan sang Mahapati pinangih Semi dados pancakara, andadosken kekalihipun sampuh gugur ing rananggana. Kuti dalah wadyabala kanthi guguripun Mahapati kados angsal angin anggenipun ngrabasa kedhaton.

Inggih awit saking kedadosan punika, Bekel Gajah Mada lajeng ngaturi Sang Prabu linggar saking kedhaton miyos pungkuran, Namung kadherekan kalih werlas kawula ingkang tinindhihan Bekel Gajah Mada.

Tindakipun Sang Prabu kanthi anamur kawula, ingkang kadhangkala tindakipun pinencar amrih mboten kasumerapan matapita mengsah.

Kanthi makaten tindakipun Sang Prabu sapendherek wilujeng ngantos dumugi papan ingkang tinuju, inggih menika Desa Bedander. Para pandherek dalah kawula ing Bedhandher lajeng mbangun pasanggrahan, sasampunipun pinaggih Buyut Bedhander

Bekel Gajah Mada ingkang pinangka tetindhihing lampah, dereng angsal pawatos menggah kawontenanipun kitharaja Majapahit. sadangunipun ndherekaken Sang Prabu linggar. Sang Prabu tansah cecaketan kaliyan Bekel Gajah Mada, amargi pancen mboten wonten pandherek sanesipun ingkang kinarya tamenging lampah. Sang Prabu rumaos nggrantes manahipun. ngraosaken risakipun kedhaton saha para kawula ingkang tinrajang dahuru gilir gumantos.

Nalika Bekel Gajah Mada nembe medal saking ngarsanipun Sang Prabu, dipunpanggihi salah setunggaliipun pendherek, ingkang lajeng matur:

“Ki Bekel, sampun sawatawis kula ndherekaken Sang Prabu makuwon ing Bedhander mriki. Mila, keparenga kula badhe tuwi dhateng kitharaja.”

“Lho kersa ndika kados pundi, kawontenan salebeting kithanagari dereng jelas, Ndika badhe wangsul.”

“Kula kapang sanget kaliyan anak semah kula. Mbenjang sasampunipun pinangih sami wilujeng, kula enggal wangsul mriki.”

“Ndika menapa kesupen nalika badhe ndherekaken Sang Prabu, sampun prasetya pejah

gesang sareng Sang Prabu. Ndika ngertos akibatipun wangsul dhateng kitharaja. Menawi kacepeng mengsah, ngantos pakuwonipun Sang Prabu kadenangan, menapa ingkang badhe kedadosan," pamenggakipun Bekel Gajah Mada.

"Kula wangsul sarana dhedhemitan, saha namung pinangih anak semah kula."

"Mboten kenging. Sadaya pandherek, salaminipun Sang Prabu taksih wonten pangungsen, sok sintena kemawon mboten wonten ingkang kaparengake nilaraken rombongan. Mbokbilih wonten ingkang ndaga, kula Bekel Gajah Mada pinaringan purba wasesa dening Sang Prabu."

"Nanging...."

"Kurang ajar...."

Gajah Mada ngunus kyai Pamungkas, ingkang sinengkelit kajojohake dhadanipun pandherek ingkang ndaga punika tembus walikat. Sanalika pandherek ambruk, ngemasi.

Tumindakipun Gajah Mada makaten, betekipun njagi kawilujenganipun Sang Prabu, awit nalika sareng-sareng nilar kedhaton sampun sami prasetya sabaya pejah sareng ratu gustinipun. Amargi menawi piyambakipun kelampahan wangsul dhateng kitha raja, kacepeng mengsah mesthi tineter ingkang pungkasanipun miyak wewados papan pangungsnipun Sang Prabu. Punika ingkang kajagi Gajah Mada, saengga tega mrajaya.

Ngantos tigang wulan Sang Prabu wonten Bedhander, ewasemanten dereng wonten pawartos saking kitharaja. Kados pundi kawontenan kedhaton sasampunipun kraman saged ngebroki. Kados pundi para bayangkara ingkang setya dhateng Sang Prabu, ngadhepi para kraman.

Ing satunggaling dinten, Bekel Gajah Mada matur Sang Prabu, gandheng ngantos tigang wulan dereng wonten pawartos saking kitharaja, pramila piyambakipun piyambak ingkang badhe lampah dom sumurping toya, mlebet kitharaja, badhe nyumerepi kawontenan praja. Mboten wonten pandherek sanes ingkang sumerep lampahipun Bekel Gajah Mada, wangsul dhateng kitharaja Majaphit

Mbotan kocap lampahipun ki Bekel ngantos saged lumebet kitharaja. Piyambakipun

namur lampah kados kawula, kanthi nylamur kados bakul ider saperlu njaring pawartos kados pundi kawontenan sajengkaripun Sang Prabu.

Pranyata kraman mlebet baluwarti kraton, nglebet baluwarti para pengawal kraton mboten kuwawi nandhingi kridhanipun Kutisawadyabala.. Sacnggen-engen Gajah Madha nyumerepi bilih para kawula sami atur sesaji dhateng Sang Widi Wasa, nyuwun kawilujenganipun Sang Prabu, saha cnggal saged kondur ngedhaton. Pranyata para kawula sami mboten remen dhateng Kuti, awit tumindak sakwenng-wenang dhateng para kawula. Para wadyabalanipun Kuti sami anyarah rayah gadhaaniupun kawula, mrawasa dhateng para pawestri. Saben-saben Gajah Mada nodhi, menggah pundhi ingkang awrat kasetyan dhateng Sang Prabu menapa dhateng Kuti. Sedaya matur setya tuhu dhateng Sang Prabu, pramila para kawula terus atur sesaji dhateng Sang Widi Wasa, amrih Sang Prabu inggal kondur.

Sareng sampun cetha bilih para kawula kitharaja taksih setya dhateng ratu Gustinipun, pramila Gajah Mada lajeng ndamel pawartos bilih sang prabu Jayanagara sampun seda ing papan ingkang tebih saking kitha raja. Pawartos menika kangge mbuktekaken kasetyanipun para kawula, saha mancing kabingahanipun kraman Kuti.

Sumebaripun pawartos sedanipun gusti Prabu Jayanagara, ndadosaken bombong manahipun Kuti . Piyambakipun lajeng ngempalaken para narapraja dalah kawula wonten paseban alun-alun saperlu mratelakaken bilih Sang Prabu Jayanegara sampun lampus, pramila sakmenika purba wasesa kraton Majapahit wonten piyambakipun.

"Ngaturi uninga dhateng sadaya para nayaka p[raja saha kawula Majhaphit, bilih gusti Prabu Jayanagara kalawingi sampun katimbalan Sanghyang Widi Wasa, seda ing papan ingkang tebih saking mriki. Dene sakmenika tata rakiting praja, purba waesa wonten tangan kula, Kuti."

Sanalika para narapraja, sentana saha kawula Majapahit dados geger mireng pawartos menika. Biwara sedanipun Sang Prabu kaundhangken saindenging praja, dening para kraman ingkang sampun sumebar.

Sekedap kemawon paseban alun-alun sampun kebak para sentana dalah kawula Majapahit ingkang sami asung belasungkawa, mlabar dumgi alun-alun. Suwanten tetangisan mboten kendhat, awit rumaos kecalan ratu gustinipun.

Rikala menika, Kuti anggenipun sesorah makantar-kantar, rumaos kados sinengkuyung sadaya kawula Majapahit.

“Heh sadaya para kawula Majapahit, menapa sisah menawi tinilar Ratu ingkang mboten gadhah tanggung jawab, nilar kawulanipun pados slametipun piyambak?”

“Inggihi....sadaya sisah...Sisah.....” suwara saur peksi ngebaki paseban.

“Menapa ingkang ndika ajeng-ajeng saking sang Prabu, ingkang sampun nilar ndika sedaya. Panguwaos Majapahit sakmenika wonten kula.”

Mireng sesorahipun Kuti, sami pating clebung mancahi ucapipun Kuti. Sawetawis wonten ingkang ngawon-awon Kuti, wonten ingkang mastani Kuti melik nggendhong lali, saha sanes-sanesipun.

“Ndika sedaya mboten pantes mbelani panguwos ingkang ngucireng yuda, ingkang mboten gadhah tanggel jawab dhateng kawulanipun. Pramila ingkang sampun mboten wonten, mboten perlu dipikir, mboten petlu digetuni. Sedaya sampun dados kersanipun ingkang Akarya Jagad. Mugi kawula ing Majap[hit anyekseni, bilih dinten menika kula pinangka panguwaos ing Majapahit.”

Wonten salah setunggalipun kawula ingkang minggah, lajenmg mbengok sora.

“Kawula Majapahit sedaya mboten setuju. Kawula sedaya namung ngakeni bilih Gusti Prabu Jayanagara pinangka sesembahan kawula sedaya.”

Dumadakan salah setunggal tiyangipun Kuti, minggah kanthi ngliga pedhang., langsung mbabitakan pedhangipun., sarwi mbengok.

“Bangsat....”

Ingang sinabet pedhang ambruk adus ludira, ngemasi. Suwasana dados geger.

“Sakmenika panguwaos Majapahit wonten

astanipun ndara Kuti.” pambengokipun pawongan kalawau.

“Mboten.... Mboten. Kula mboten remen..” suwanten gumerah.

Nyumerepi kawontenan wau, Bekel Gajah Mada ingkang sampun wonten tengahe para kawula, mbengok ndamel cingakipun sadaya ingkang kempal.

“Para kadang sadaya menapa sadaya taksih tresna dhateng Sang Prabu.”

“Taksih.....taksih....” suwanten gumuruh.

“Menawi taksih tresna dhateng Sang Prabu, cobi samiya mundhi dedamel saha aprasetya.”

Sanalika tiyang-tiyang mundhi sawerninipun dedamel saha lajeng prasetya.

“Para sentana, kawula Majapahit tan wonten ingkang piniji, kula Bekel Gajah Mada, martakaken bilih Sang Prabu Jayanagara ngantos sakmenika taksih wilujeng nir ing sambekala, jinangkung Hyang Maha Agung. Pawartos sedanipun Gusti mboten leres, menika namung kangge nodhi sepinten katresanipun kawula dhateng ratu gustinipun. Pranyata sedaya kawula taksih setya dhateng Sang Nata, namung saglintir tiyang-tiyang ingkang ngorong panguawos lajeng damel gara-gara, menika tiyang candhala kados lampahipun Sora, Semi, Kuti sak komplotanipun.”

Mireng pambiwara saking bekel Gajah Mada, tanpa wonten prentah sanalika kawula ngransang Kuti sak andhanaipun. Kuti mboten nginten menawi piyambakipun badhe kinarubut. Pagelaran dados geger, Kuti ngemasi dalah para andhahanipun kathah ingkang ngemasi. Surak mawuruhan sadaya narapraja dalah kawula ingkang sampun saged numpes Kuti sawadyabalanipun.

Bekel Gajah Mada lajeng dhawuh dhateng sadaya kawula Majapahit sumpados nyamaptakaken sadaya kabetahan kangge mahargya konduripun Sang Prabu. Gajah Mada pamit wangsul dhateng Bedhander badhe ngaturi Sang Prabu kondur dhateng kedhaton , bilih kawontenan kitharaja Mapahit sampun aman.@

GUNUNG ORAK ARIK

dening: St. Sri Emyani

“Wis putu gek ndang bobok.”

“Menawi dereng dipun dongengaken kados kala wingi, kawula inggih dereng purun tilem lho cyang Uti.”

“Engko sabubare didongengake eyang Uti, gek ndang bobok lho ya?”

“Inggih. Inggih..” Jawabipun Kuncung Santosa kalih ngrangkul eyangipun.

“Isih kelingan. Eyangmu Uti wingi ndongeng apa..?”

“Kemutan. Cariyos Menak Sopal?”

“Jos. Eyang Uti takon dhisik, sak durunge tak dongengi meneh.”

“Inggih menapa ingkang badhe dipun tangletaken Uti?”

“Menak Sopal iku nduweni jasa apa?”

“Amergi saget mbangun dham Bagong. Wusananipun, Menak Sopal gadhah jasa saget makmuraken para masyarakat, dalah among tani sekitaripun ngriku mbah Uti.”

“Bagus. Putuku pancen pinter.” Wanita sepuh menika ngendikan ngoten, kalih nyaket sarwi ngaras palarapanipun ingkang putu kinasih.

“Lha samenika kawula badhe dipun dhongengi menapa malih eyang Uti?”

“Dumadine gunung Orak Arik.”

“Sib. Mangga Uti.”

Saben malem wulan Suro. Tlatah bumi Karang Suka ngawontenaken bersih desa. Malem wulan Sura menika ngepasi dinten Anggara Kasih, utawi Selasa kliwon. Sedalu natas ngawontenaken pesta pora. Wonten: Tayuban, Jaranan ugi mboten kentun

nanggap Wayang Purwa ngantos dumugi enjing. Suka parisuka menika, kejawi ngawontenaken sesukan dhadhu. Ugi minum minuman, kados: Arak, Towak ugi wonten ingkang ngisep sekar Kecubung dalah Apyun. Ngantos kathah para pedunung ingkang sami mabuk, wuru kelayung-layung

Amergi wonten padunungan ngriku asring dipun damel sesukan Molima, ugi sesukan lintu-lintunipun pramila tlatah padesan ngriku kaasmakaken Karang Suka. Karang tegesipun papan panggonan, dene suka inggih saking sesukan menika.

Wekdal madya rati. Tetuwanipun Karang Suka ingkang asma ki Brojo Windu nyaketi andhahanipun ingkang karan Suro Gemplo

“Plo.. Plo.. Sura Gemplo.”

“Sendika ingkang ngadhawuh. Wonten menapa ki Brojo Windu?”

“Kene.. Kene.. Nyaketa kene Suro Gemplo”

“Inggih. Inggih. Kadosipun, kok wonten masalah ingkang kedah kabengkas ta Ki..?”

“Iya iki mau ana pawarta saka warandha Surti. ingkang ingsun utus minangka telik sandhi Sura Gemplo.”

“Inggih. Gek menapa pawartosipun saking telik sandhi Surti Ki..?”

“Iki pawarta wigati. Mula lir umpamane, aja nganti semut godhong keprungu.”

“Ingi. Lha lajeng becikipun kita sapejagong wonten pundi ki..?”

“Adi cara suka parisukan reresik desa malem Sura iki mau wus ndak pasrahake marang jagabaya Padas Gemplah. Keamananane uga kepriye murih rancake acara si Jaga Baya iku wis bisa mrantasi



gawe. Mula aja wedi kangelan. Wingi iki, becike kita menyang pendhapa joglo omah kita bae ya Gemplo.?"

"Swawi kula dherekaken ki."

Kerameyan suka parisuka malem Sura menika taksih gayeng.

Sauntawis menika, priya sakloron ingkang gagah pedhegsa menika ninggalaken papan panggonan keramaian, nuju dhumateng papan panggenen ndalem joglo kebak wibawa.

Manggen wonten ngajeng, ketawis gedhogan kandhang kudha. Inggang manggeni, kudha warni Cemeng meles ingkang biasanipun kadamel titiyanipun ki Brojo Windu. Midhanget kleset swantenipun suku. Kudha menika beker sekedhap. Kados-kados Mangayubagya ingkang nembe prapta, inggih menika sang bendara. Priyayi sepuh kanthi udheng wulung ngrenggani mustakanipun menika nyaket. Kudha ingkang karan Kyai Gagah Umbaran menika, anchipun sareng kaelus-elus bathuke, kok inggih manthuk-manthuk. Mboten beker malih. Kadosipun pancen sampun sajiwa kalih ki Brojo Windu sang bendara.

Dereng ngantos sami lenggah wonten kursi Banyak Angrem ingkang sumadiya wonten ing bale pendhapa, Saking gantangan si Bagong peksi Kutut sampun manggung. Kasaut suwantenipun jago kluruk saking pojok pendhapa, Jago menika dipun sukani tetengar, kyai Senggono..Kluruk ambal-ambalan, mertandhani menawi sampun meh parak esuk.

"Ngene ya Gemplo.." Ki Brojo murwani micanten.

"Inggih kados pundi. Kawula nyungsung pawartos, kulak pangrunon ki?"

"Wis ana telung ndina aku ngutus telik sandhi warandha Surti, ana ing bumi kita Karang Suka kene iki. Awit..."

"Amergi kados pundi ki?"

"Kabar saka Jolenthit pangon maesa, menawa ana ing sandhuwure gunung samburine tlatah Karang Suka kene enek pawongan neneka kang ketoke kumawani arep ngembari kawibawan ing sun iki Gemplo."

"Hem kok cumantaka sanget pawongan punika ki"

"Iya Gemplo. Mulane aku cepet cepet utusan telik sandhi iku"

"Lha wonten nginggil redi badhe teng napa pawongan menika ki?"

"Ujare Jolenthit, arep gawe papan ngibadah."

"Helah, gek mboten pangendikan rumiyin dhumateng panjenenganipun ndalem inggih?"

"Ora. Lek sadurunge ijin becik-becik ngono ora nganti utusan telik sandhi."

"Lajeng kadospundi asilipun telik sandhi warandha Surti?"

"Telik sandhi Surti kang uga dadi tledhek tayub iku wis kaping pindho nekani." Nemoni kang kaping sepisan, dirayu supaya ora nerusake anggane ada-ada nggawe papan ngibadah ana ing ndhuwur gunung. Miturut Surti rayuwan iku ora mempan. Ora tumama. Awit pawongan neneka iku katone uga ora loro saencek. Tegese ya nduweni ilmu kanuragan kang lumayan. Kang kaping pindho dirayu supaya gelem dadi jatukramane si warandha Surti. Ora usah keraya-rayu nggawe papan ngibadah ning ndhuwur redi. Ananging, ya puguh ora kersa nampa. Malah nurut Surti ya wis ditamani aji gendam Semar mesem barang lho Gemplo."

"Salajenipun ki?"

Ki Brojo Windu iku durung awah jawab. Kekalhipun sami amem. Awit, saking tembok wingking pendhapa katrunjel swanten tekek mbedhah dalu ingkang sepen. Malah, Kasaut suwanten bangkong wonten blumbang ulam ngajeng pendhapa. Amem sauntawis, Ki Brojo wangsul nyukani pangandikan.

"Tetep gagal wigar tanpa karya. Jane telik sandhi Surti uga wis ngecakne jurus kasekten aji pamungkas Putri Goroh. Ananging..?"

"Ananging kados pundi ki?"

"Pawongan iku ora kapilut. Ora kapencut karo lamising aji Putri Goroh"

"Hem.hem..hem.."

Suro Gemplo manthuk-manthuk kalih nyepeng janggut.

"Apa wus nemokake iguh pratikel? Biasane akal bulusmu akèh Gemplo." Pawongan ingkang sinebat Suro Gemplo menika nyelak. Lathinipun katempelaken celak karnanipun ki Brojo Windu. "

“Dospundi menawi ndamel cara menika inggih ki?”

“Hua ha ha ha...! aku kok mathuk Gemplo.” Ki Brojo Windu kalih Suro Gemplo nggugeng sesarengan. Ngantos Jangkrik ingkang ngerik wiwit sonten. Mak cep klakep. Semanten ugi si Gimbal segawon ingkang setya njaga wonten ngajeng pendhapa kaget. Njegog-njegog dikinten wonten maling ingkang badhe mlebet pendhapa mriku. Sareng aman. Segawon ingkang setya njagi menika wangsul liyer-liyer kalih buntutipun kopat-kapit damel nggepyoki laler.

“Sik sik ta Gemplo.”

“Inggih dospundi ki?”

“Lek tak rasakne iku mau apa ora nggawe jurus perang andelane Rara Jonggrang.”

“Inggih jurus pamungkas apus krama ki?”

“Heh hem..” Ki Windu manthuk manthuk sajakipun sarujuk kalih pemanggihipun Sora Gemplo.

“He he he terus kapan jurus menika dipun cakaken Ki Brojo?”

“Aja wedi kangelan. Saiki awakmu baliya menyang papan kerameyan sadurunge adicara bubar. Kanthiyen wadya bala sacukupe. Aja lali warandha Surti kanthiyen ya?”

“Pamanggih kawula, Warandha Surti kajenge ngrapetaken barisan wonten Karang Suka kemawon. Lha dene ingkang minggah redi nemoni pawongan ingkang cumantaka badhe ndamel papan ngibadah inggih kita kemawon ki.”

“Iya, kaya mangkono aku ya nayogyani Gemplo.”

“Lajeng kapan kita ngayahi karya ki?”

“Aja wedi kangelan, sesuk-sesuk sing ditunggu ya sapa. Saiki ayo tata-tata Gemplo.”

“Mangestokaken ingkang ngadhawuh Ki.”

Esuk sang bagaskara ungak-ungak wonten suwalikipun gunung Karang Suka. Sauntawis menika sunaripun nrobos sela-selanipun ron-ronan. Tembus dhateng lumahing bumi kados *lukisan abstraksi*. Surya lambang kasetyan. Menawi mboten dipun alang-alangi mendhung mentiyung. Dados obor wekdal siang gumantos dalu, Ugi damel adang para ron-ronan.

Enjing menika jagad padhang gumlawang.

Dinten menika budha manis ki Brojo Windu dalah Sura Gemplo minggah dhateng redi Karang Suka. Sasampunipun utusan Telik sandhi ingkang babar wigar tanpa gati.

“Sayah inggih Ki?”

“Lumayan Gemplo.”

“Panggonane apa isik adoh ta?”

“Mboten, namung wonten suwalikipun kenthengan menika sampun dugi kok.”

“Lha ning kono apa ana papan kang ombor?”

“Wonten nginggilipun redi Karang Suka wonten dhataranipun ingkang ombor kok Ki?”

“Iya. Iya” Pawongan ingkang sinebat ki Brojo iku manthuk manthuk.

“Kalih nata jiwa mangga ngasokaken raga sinambi mirsani endahipun sasawangan. Sumangga menawi ngaso sauntawis, wonten nginggilipun sela Gilang menika ki.”

“Mangkono uga prayoga Gemplo.”

Pawongan kang kinormatan menika lenggah wonten watu gilang. Mboten gantalan wekdal.

“Wah. Munggaha kene Gemplo. Munggaha..!”

“Wonten napa ki.? Pawongan kang katimbalan menika sigra minggah dhateng watu Gilang nyawiji kalih ki Brojo.

“Kae ana Rombongan Celeng.”

“Hooh inggih rombongan Andhapan Ki.”

Mboten gantalan wekdal dangu rombongan kewan alas menika mlajeng tanpa tolah-toleh. Inggih ngajeng jaler padhos margi, lajeng anak-anakipun tiga wonten tengah. Inggih wingking kiyambak andhapan setri.***

Wonten nginggil priyayi sepuh ngagem surban pethak. Khusuk wonten nginggil sajadah. Kalih astanipun nyepeng tasbeh. Khusuk dzikir.

“Nuwun sewu..” Sura Gemplo uluk salam rumiyin

“Inggih sumangga.” Pawongan sepuh nyukani jawab

“Ngapunten kawula Brojo Windu kalih menika andhahan kawula Suro Gemplo. Kula tetuwani punika bumi Karang Suka punika. Terus ki Sanak sinten, kok nenepi wonten nginggil redi karang suka

menika wonten panjangka punapa?"

"kawula namung tiyang kabur kanginan. Sumerep para pedunung Karang suka menika ingkang gesang ngipun namung suka pari suka, Kula gadhah krenteg kepingin gawe papan ngibadah wonten ing mriki. Miturut panjenengan kados pundi?"

"Piye Sura gemplo?"

Ki Brojo Windu netrane mlanther nyawang Gemplo.

"Inggih ki. Ngaten inggih kisanak."

"kepriipun, ingkang baku papan ngibadah saget ngadeg kawula nyumanggakaken?"

"Panjenengan saget mbangun papan ngibadah wonten ing pucuking redi Karang Suka ngriki. Ananging wonten syarate?"

"Syaratipun menapa?"

"Panjenengan kedah saget mbangun panggenan ngibadah sedalu dados. Dospundi ki sanak?"

"Insyaallah" Namung menika jawab ingkang kawetu ing lesan.

"Sesuk esuk bareng semburat abange surya lan kluruke jago, menawa pakaryan gawe papan ngibadah durung rampung, kisanak kudu ninggalake papan panggonan kene!"

"Insyaallah". Wangsul pawongan jubah seta menika ngendikan kalem.

Wekdal lumampah kados cakra manggilangan.

Tengah wengi amergi wonten dhawuh saking Sura Gemplo, para pedunung Karang Suka inggih sami ndamel bakar-bakaran, ndamel dhiyang. Para sanak sedulur dipun kengken nabuhi lesung.

Saking sunarpun dhiyang ingkang semburat abang, katambahan suwanten mawurahan dhang-dhung lesung. Jago-jago ugi sami kluruk mawurahan. Kados-kados pratandha menawi sampun parak enjing.

Sawetawis punika wonten nginggil redi Karang Suka, wonten pawongan sepuh ingkang nembe khusuk dzikir. Kajugaraken kalih suwanten sora...

"kisanak kisanak..!"

"Heh! Priyayi jubah seta menika radi njola

"Kepriipun. Nika sampun ndhungkap rahina"

"Apa hiya?"

"Lha inggih menika panjenengan persani piyambak, bang wetan sampun rantak-rantak semburat abrit. "Sura Gemplo sarwi nyuding dhateng arah wetan redi.

"Jago-jago inggih sami kluruk. Semanten ugi para ibu-ibu among tani ugi sampun sami nutu pantun mertandhani menawi dalu sampun gantos enjing ki sanak."

Priyayi sepuh jubah seta menika mlanther mirsani pawongan kang nembe prapto. Ki Brojo Windu kasawang kapisan ndhingkluk, sajak kawon perbawa. Gantos kasawang salajengipun, Sura Gemplo inggih ndhingkluk. Amem sawetawis.

"He sumitra. Aku ngerti yen sedyaku kang utama iku mbok packa. Mbok apus krama. Waspadakna, olehku bangun papan ngibadah iku mau wis meh rampung. Amerga kok ganggu. Papan ngibadah iki mengko dadi gundhugan gunung watu."

Anehipun, wonten ngriku wonten gunung sela. Priyayi sepuh menika wangsul ngendikan...

"Amerga olehku arep yasa papan ngibadah iku wis kok ganggu. Mula tumpukan sela iki arep tak orak-arik. Lan mbesuk menawa ana rejane jaman. Gunung kene ndak jenengake gunung Orak-Arik." Sabibaripun ngendikan ngoten priyayi sepuh menika lab, musna. Sesarengan wonten angkasa raya jumlegur suwanten bledheg kaping tiga. Mratandhani menawi ngandikanipun pawongan menika wau kasembadan. Ngantos dugi samenika, redi sacelakipun papan panggenan Karang Suka winastan gunung Orak Arik.

"Kaya mangkono iku dedongenge gunung Orak Arik. Sik durung ngantuk ta putu?"

"Dereng eyang Uti"

"Kapan ngoten kula kepingin ngajak rencang-rencang minggah redi Orak Arik mrika Uti"

"Iya. Wis lingsir wengi gek ndang boboka ya"

"Inggih, sembah nuwun eyang Uti"

Kanthi kebak sih wanita sepuh menika ngelus-elus rikmanipun putu. Wonten bening mutiara dhumawah, saking lingiring netra sepuh. Enget, kalih rama dalah ibunipun ingkang wayah Kuncung Sontosa, ingkang sampun rumiyin seda. Amerge, kenging pageblug covid 19 menika.*** Nuwun

Kok Lagi Saiki Ngomong

Dening : Retna Yudhawati

RONG sasi maneh umurku rong puluh taun. Mbarengi aku ngancik semester papat. Ora krasa olehku kuliah tibake wis meh rong tahun. Patbelas taun aku mung kruntelan karo buku. Sok sok ana rasa bosen. Akeh kanca-kanca sing teka menyang omahku, sok grudugan, ana sing ijen ana sing boncengan karo kanca rakete. Wiwit SMA biyen, yen kumpul sing dirembug mesthi pelajaran, yen ora pelajaran ya rencana petualangan.

Senenge sing padha duwe parner, yen rampung banjur bali boncengan, guyon, sing wadon ngetapel ana bocengan. Yen nyawang ngono iku, terus terang atiku krasa meri. Meh rong taun kuliah, durung nate ngrasakake mbonceng kanca putra sing khusus. Kaya apa rasane dibonceng ngono kae. Aku yen mbiji awaku dhewe ya ora nguciwani. Aku ora gembrot, dedegku ya ideal karo awaku. Rupa, rumangsaku ya ora elek-elek nemen, irungku ora pesek, pipiku ana dhehik. Jare pipi dhehik mono nambahi manis Ah ngalem awaku dhewe. Ning nyatane ya ngono kok.

Aku ora ngerti priye carane kanca-kancaku putri iku padha antuk kanca istimewa. Aku iri, aku ewa. Yen lagi kumpul ora nate ana rasa mangkene marga katungkul anggane dhiskusi., Nanging yen wis bubar, ana nglatar padha guyon rame, jongkrok-jongkrok, pacok-pacokan, ketok rame. Bareng wis mungkur dadi sepi, kaya sepine atiku.

Embuh atiku kok terus mbiji kanca-kanca putra, sakletingu apadene saknduwurku. Kaya Mas Aldo sdeniorku. Uwong kok meneng amit-amit. Kepethuk meh tubrukan ya ora gelem sapa aruh, kajaba mung mesem. Kamangka olehku kenal ya

wiwit Mapram rong taun kapungkur, dheweke dadi panitia. Tak akone sasuwene Mapram dheweke ora neka-nekla karo aku, ora kaya senior liyane. Budi nggantheng sih nggantheng, ning kok ora cocog karo jenenge. Biyayakan, saben mahasiswa karepe arep digonjak. Priyanto, bocah lanang kok tingkah lakune kaya bocah putri. Aku ora ngerti kepriye carane kok Windhi isa mesra banget karo Herwanto. Tanti ora nate pethal karo Yudha, ana ngendi wae. Aku iri. Piye ta jan-jane kanca lanang iki yen nyawang aku, yen mbiji aku.

Kanggo ngilangake rasa sepi, sok-sok aku ngombyongi bocah-bocah sing padha sepedhahan. Kajaba mubeng-mubeng ana kutha, sok menyang desa-desa, nonton suasana kang alami ing padesan.

Kaya dina Minggu iku, aku ora ana acara, kanca-kanca ya ora ana sing mara. Bapak ngeterake Andik, adhiku landhes nggolek sepatu bal menyang toko Olah Raga. Adhiku siji iku pancen kranjingan karo olah raga bal. Wiwit SD ora ana olah raga liya kejaba bal, nganti saiki wis SMA, wis mlebu clup yunior kota.

Nyut, atiku kepengin metu sepedhahan senjata mung ijen.

"Bu aku arep metu," kandhamu marang ibu sing iwut ana ndhapur.

"Arep nyang ndi?"

"Arep mubeng-mubeng."

"Lha motore diagem bapak ngeterake Andik ngono."

"Aku arep sepedhahan wae kok. Mengko

rak ketemu cah-cah."

"Ya, ngati ati." dhawuhe ibu,

Karo nuntun sepedha metu, nganti numpak aku durung duwe tujuwan menyang endi. Arep nyang Telengria, wis jam sanga luwih, panase wis krasa. Sepedha tak pancal alon-alon, kepengin ngungkap alun-alun. Biyasane kanca-kanca goes padha ngumpul ana kana. Tekan ngarep studio Gema Suara, keprungu jenengku diundang.

"Retna...."

Sepdha tak rim, aku kaya nate krungu suwara iku. Aku mandeg, karo isih lungguh sadhel lan sikilku njagang, aku noleh arahe suwara. Ana priya metu saka teras studio, tumuju arahku. Kok kaya mas Aldo, batinku, marga dheweke nganggo topi sing nutupi raine. Kadingaren kok undang-undang, batinku.

Tenan, mas Aldo. Aku kaya wong bingung, gumun lan seneng kok dheweke gelem ngundang aku.

"Arep menyang endi?" pitakone.

"Mlaku-mlaku, Mas."

"Mlaku-mlaku kok numpak sepedhah?" srekalé Mas Aldo. Ewosemono atiku kok sueneng. Senajan disrekal.

"Iya dhing, mung sepedhahan, Minggu-Minggu timbang mlungker ana ngomah."

"Lha njur arep sepedhahan menyang endi?"

"Ngetutake obahe ban."

"Eh. Kok gelem-geleme kesel, kok ora nganggo motor."

"Motore diagem Bapak ngeterne adhiku."

"Mas Aldo kok ana kene ngenteni sapa?:"

"Ngenteni awakmu,"

"Cik. Aku kok dienteni arep dijak menyang endi. Tenane Mas Aldo saka ngendi?"

"Saka studio."

"Ana apa Mas."

"Jatah jam siaran, ndadak lampune mati."

"Oh, mas Aldo siaran ana kene ta?"

"Iya. Geneya?"

"Acara apa bageyane Mas Aldo?"

"Ngudi kaweruh."

"Sing mbabar sejarah, crita-crita rakyat, legendha iku ta?"

"Iya, sok-sok ya nglayani pitakone pamireng."

"Lho iku rak acarane Ki Bancak karo pramuladine Mas Benu?"

"Heh."

"Tibake, ki Bancak ki Njenengan ta. Kok swarane beda."

"Suwarane beda, wong padha. Jan-jane dhi Retna iki mau arep tindak endi ta."

"Ya mung dolan-dolan, timbangane ana ngomah kesepen."

"Lha, kok mung ijen?"

"Arep ngejak adhiku wis lunga karo bapak," jawabku karo ngguyu.

"Takkancani piye, timbangane ijen?"

Dheg, atiku mbedhodhok sanalika krungu tawane Mas Aldo arep ngancani.

"Mosok Mas kuwat mancal sepedhah mbonceng aku?"

"Lha ya ora nganggo sepedhah, no. Yen kersa takancani dolan, aku nggawa motor."

"Lha sepedhahku."

"Dheleh studio."

"Ora nggawa helm, ki."

"Kac helm akch."

"Mengko gek ngganggu acarane Mas Aldo"

"Gak malah aku ta sing ngganggu acaramu."

"Lha wong acaraku mung mubeng-mubeng?"

Wis ora kakeyan cingcong maneh, aku wis

ngetapel ana boncengane Mas Aldo. Sepedhaku dak deleh ana parkiran studio. Atiku mbedhodhok, seneng, ora bisa dakgambarake dina iku mbonceng wong sing sasuwene iki dakantu-antu bisaku sesandhingan. Pikiranku ngrambyang marga seneng, nganti ora krungu Mas Aldo takon nganti dibaleni.

“Iki menyang endi?” mangkono pitakone ambal kaping pintho.

“Penumpang manut sopire!”

“Heh, sopir manut karo sing nyarter.”

“Yen mau aku mung ngetutake lakune ban sepedha, saiki aku manut mubenge ban Honda.”

“Nyang Klayar apa Pacitan Indah?”

“Pacitan Indah wac, Mas. Suk-suk menyang Klayar. Mengko leren Palagan Tumpak Rinjing sedhela.”

“Sopir yang baik, selalu memberi surprise kepada penumpangnya.”

Plok.... Tanganku kok replek nggablok gegere Mas Aldo. Dheweke rada njondhil. Ora banter, nanging aku rumangsa getun, kuwatir yen dheweke gela. Mula enggal-enggal daktututi rembug

“Maaf, mas.”

“Apa sing dimaafne?”

“Iku mau.”

“Iku mau apa.”

“Njencengan takgablok.”

“Rumangsaku sampeyan mau mijeti geherku,” ucap Mas Aldo ora takwangsuli. Marga dheweke wis ngenggokake motore menyang plataran monumen Palagan Tumpak Rinjing.

Monumen Palagan Tumpak Rinjing ana recane Jendral Sudirman karo Brigjen Ignatius Slamet Riyadi. Palagan Tumpak Rinjing iki kanggo megeti gerilyawan sepuluh sing gugur ana kene nalika ngadhang pasukan Landa sing arep mlebu kutha Pacitan taun 1948. Embuh priye critane kok patung sing dibangun ana kono Jendral Sudirman karo Brigjen. Ignatius Slamet Riyadi. Yen Jendral Sudirman ngono mimpin perang gerilya saka tlatah Pacitan. Brigjen. Ignatius Slamet Riyadi ora nate

perang ana tlatah Pacitan, malah gugur ana Maluku nalika numpes Republik Maluku Selatan.

Bubar foto selfie ana ngarep reca, banjur nerusake menyang Pacitan Indah sing saiki bareng dimekarake dadi papan wisata, jenenge diganbti Beji Park.

Tekan ngengon wis akeh wisatawan sing padha teka kono. Pancen sing akeh wisatawan lokal. Meh kabeh gasabo wis ana sing ngenggoni. Aku karo mas Aldo pilih lungguhan ana watu ngisor wit kang ngrembuyung, papane kepenak, angin sumilir seger, karo nyawang teluk Pacitan, kutha Pacitan, ngetan adoh ing kana katon gunung Limo gunung kang uga panggonana wisata.

“Wis kaping pira mreng?”

“Ya lagi iki. Ndhisik rak durung dibangun mangkene iki. Isih alas blegedhegan.”

“Iya pancene. dibangun lagi taun 2019, dibukak kanggo umum lagi dhek Agustus 2020. Etungane dadi *destiminasi* wisata anyar ing Pacitan.”

Angin sumribit nganggo dolanan rambutku, nganti saperangan nutupi raiku. Daksilakake memburi. Aku nglirik Mas Aldo. Eh, dheweke ya nglirik aku. Aku tumungkul, isin.

“Angine saya awan saya banter, ya, Mas” ucapku kanggo nutupi isin.

“Iya. Angin nyedhaki mangsa pancaroba.”

“Sing Sentana Genthong iku endi, Mas.”

“Kae perengan lor etan. Sing bener astana genthong, ilat Jawa njupuk gampange dadi sentana genthong.”

“Kok diarani astana genthong?”

“Aku dhewe ya durung tekan kana. Astana iku tegese rak makam, genthong ya genthong wadhah banyu kae. Critane biye jare ana genthonge sing isine balung manungsa. Jarene kanggo tumbal tanah Jawa. Sing masang Syeh Subakir nalika ngajawa.”

“Syeh Subakir iku sapa?”

“Iki crita lho ya, dudu sejarah.”

“Iya.”

“Syeh Subakir iku utusane raja Ngerum supaya numbali tanah Jawa ben bisa dienggoni manungsa. Marga nalika semana tanah Jawa isih suwung, sing ngenggoni bangsa lelembut. Sepisan maneh iki mung crita tutur tinular. Lha apa genthong iku bener tinggalane Syeh Subakir, ya angel anggane mbuktekake. Malah ana crita jare iku astane Prabu Brawijaya kalima nalika arep mukswa, astane dikethok banjur diwadhahi genthong ditinggal ana kene. Ana sing percaya yen Prabu Brawijaya kalima iku mukswa ing Pacitan sing biyen diarani Wengker Kidul”

“Nonton jeneng lan papane sajake kok magis banget.”

“Kanggo kang percaya lan bisa nggunakake mata batin, pancen mangkono.”

Saya awan saya akèh kang padha teka. Dina Minggu dina kulawarga. Dolanan kanggo bocah-bocah, kaya bandhulan, jompat-jampi, blorotan, wis padha kanggo kabèh.

“Ret, kembang mawar ana jalan Ranggawarsita kang lagi nedheng-nedhenge mekar kae wis dipethik uwong durung ya.” mas Aldo mragal lamunanku.

“Njenengan seneng kembang mawar ta, Mas.”

“Iya, ning kembang mawar sing ana jalan Ranggawarsita kae.”

“Jalan Ranggawarsita sing endi. Jeneh jalan Ranggawarsita iku dawa ngono. Aku ora nate nggatekake tanduran kembang mawar mau.”

“Kembang mawar ana dalem sing latare jembar, pas kiwane Koperasi Kerta Raharja.”

Dheg, atiku kaget. Aku lagi dhong tibake Mas Aldo ngomong kanthi samudana. Lha omah kiwane koperasi Kerta Raharja iku omahku. Takira dheweke ngomongake kembang mawar mau kembang sabener. Tibake pralambang ta. Aku sing dikmaksud kembang mawaring jalan Ranggawarsita masu. Wektu iku atiku bener-bener “*berbunga-bunga*.”

“Mas Aldo, kok lagi saiki ngendika?”

“Weh, tibake wis kedhisikan uwong ta?”

“Sing kandha yen wis kedhisikan uwong sapa?”

“Lha iku mau, sampeyan kandha, aku kok lagi saiki omong. Wong ngomong rak ora angger omong. Nanging aku rak ya kudu mikir, apik apa ora, wektune pas apa ora.”

“Kebak tetimbangan, ya.”

“Lhoo, iya no, kudu diarah-arrah, ben bener lan pener.”

“Apa Mas Aldo wis suwe ndhedheki kembang mawar mau?”

“Uwis, meh rong taun.”

“Saupama wis ana sing’ Aku ora bisa nerusake.

“Wis ana sing luwih dhisik nembung?..”

“Iya.”

“Aku ya ora ngarah arep methik no. Ganti golek kembang mawar plastik wae ben ora nyirami esuk sore, ora menahi rabuk.”

Aku nyawang Mas Aldo, dheweke uga nyawang aku kaya nanting atiku. Tangane mas Aldo dakcandhak, daktarik takgegeng kengeng. Ora wigah-wigih sirahku dakbrukake ana dhadane. Krasa sirahku dielus-elus.

“Lho wis jam sewelas Ret. Ayo bali, mengko awakmu diarep-arep Bapak Ibu.”

Jane atiku owel dijak bali. Nanging ya eling, kuwatir yen ibu bingung. Wong loro menyang, marani motor ana parkiran. Reng....Beji Park taktinggal. Montor wis mbandhang tumuju kutha Pacitan. Rumangsaku kok mung sedhela, ndadak wis tekan studio. Aku njupuk sepedhah, taktuntun tekan dalan ngarep studio ditutake Mas Aldo. Alon-alon sepedha tak pancal, mas Aldo isih nyawang nganti aku menggok ana prapatan wetan studio

“Mas Aldo, mas Aldo kok lagi saiki ngomong,” suwara batinku ing tengah dalan.@

REMBULAN PANGLONG

Dening : Nono Warnono

Ngandhap tendha ageng swasana regeng. Kwadhe panjang sedasa meter sampun tinata asri. Kursi panganten ukiran lungit. Papan lenggah kangge tiyang sepuh kekalih sarta patah sakembaran sedaya jangkep. Disorot lampu saking arah ngajeng tansaya ketingal gumebyar. Pathing calorot swasananipun.

Wonten perangan sanes maneka menu dhedhaharan lan unjukan sampun cumawis. Racikan catering kondhang ing kitha kabupaten kanthi raos nyamleng. Wiwit asem-asem, sekul goreng, bakso, sate, ugi maneka unjukan sampun pepak.

Kursi merah hati ing poncot tengen kangge pinarak pengiring. Ketingal sampun kathah ingkang sami lenggah. Electon kangge ngrengga lan ngregengaken swasana mapan kanan kwade panganten. Penyanyi campursari kalih, sawega ing gati. Panitia tuwin among tamu samapta ngayahi jejibahanipun sowang-sowang.

Singgih gegancangan pados papan kangge gantos busana panata adicara. Tumuju wingking sketsel kwadhe ingkang karengga ron-ron ijem miwah sekar melathi rinonce. Pados ruangan kangge ngadi sarira lan ngadi busana.

Radi kesesa anggenipun lukar busana. Kawistungal wekdal sampun ndungkap tumapakipun rerangken adicara. Awit anggenipun dumugi lokasi pahargyan radi kantun. Jalaran perjalanan tebih. Kahanan macet. Mila mboten mokal bilih anggenipun cag-ceg gantos ageman ketingal gobyos. Rive sapandurat dipunlap wola-wali mawi kaku ules abrit.

Palupi ngetut wuntat. Kados padatan ngrencangi ingkang kakung gantos pengageman. Tas ageng isi sarananipun mranatacara dipundhudhah ambal-ambalan. Kesesa anggenipun nandangi jalaran sampun ditengga juru rias sumawana ingkang hamengkukarsa. Samar menawi ketungka rawuhipin tamu. Kamangka taksih wonten adicara adat panggih panganten ugi foto kaliyan gotrah keluarga kekalih.

Kados padatan, Singgih sumawana ingkang rayi ketingal profesional sanget. Mboten dangu anggenipun ngadisarira lan gantos pengageman sampun paripurna. Ndadak Palupi semanta bilih wonten perangan pangadi busana ingkang kantun ing griya.

"Pak kadosipun epek stagen dereng njenengan lebetaken tas. Kantun wonten ing nggriya," Singgih kaget. Ngraos bingung manggihi kanyatan werit kalawau. Nadyan namung adhapur perangan rerenggan kewala, nanging wigati menggahipun pangendhaliwara. Lakar kangge pikuwat duwung ingkang mapan bangkekan. Bilih mboten kiyat samar menawi dhawah dhuwungipun rikala ngayahi jejibahan.

"Njur kepriye kanggo ngawekani, Jeng?" piyambakipun nyuwun pemanggih.

"Menapa kedah wangsul ta, Pak?"

"Genah wektune sing ora nutut, Jeng!"

Sawetawis mboten wonten i ngkang gineman. Sami angon pikiranipun sowang-sowang. Ngupadi eguh pertikel kangge cara paling sae. Dumadakan Palupi asung pamrayogi.



"Pak, priipun menawi sauntawis ngagem sabuk clana niki kangge gantos sabuk epek?"

Singgih sumringah ing pasemon. Nalika sisihanipun nyepeng sabuk saking clana ingkang diagem kalawau. Piyambakipun sarujuk eguh pertikelipun Palupi.

Santun pengageman ndungkap titi wanci rampung. Nyamping jenar prada. Beskap ules kunir bosok. Blangkon kanthi werni slaras serasi. Rinengga-rengga pindha retina. Sampun kaagem ing mustaka. Jebul taksih wonten malih ingkang kirang.

"Pak, lha kok sandhal slop ugi mboten wonten?"

"Wadhuh kepiye iki, Jeng. Kamangka wektune wis mepet banget," panggresah ingkang ndadosaken manahipun goreh. Kawimbuhan pikiran uleng. Pripun rekadayanipun kedah mrantasi pakaryan. Kamangka adicara enggal kawiwitan.

"Pak kula gadhah gagasan kangge ngawekani pambengan niki. Mugi njenengan sarujuk,"

"Apa kuwi, Jeng?!"

Palupi mendhet sepatu kakungipun. Perangan wingking ditekuk nglebet. Kalih-kalihipun. Kanan kering. Saking katebihan ketingal kados emperipun sandhal slop. Enggal dicobi ing suku. Mlampah sawetara jangkah. Mboten ketingal menawi sepatu.

"Mathuk iki, Jeng," kekalihipun ngraos kalegan. Spontan gumujeng sareng.

Kanyatan-kanyatan prasaja ananging ndadosaken raos gumbira. Inggih kahanan mekaten kalawau ingkang nuwuhaken wewayangan ngelamlami. Mad-sinamadan ing maneka kahanan minangka margining kamulyan tanpa pepindhan. Sarimbit ing maneka papan. Manunggal cipta, rasa, budi miwah karsa ngrengkuh sajuga gegayuhan.

Palupi enggal mlampah setengah mlajeng. Gegancangan. Ngasta warles tumuju papanipun juru sound sistem. Wondene Singgih iwut masang perangan warles lintunipun ing sabuk stagen. Rapi

mboten ketingal, jalaran manggen suwalikipun beskap. Wonten kabel cekak dipunsambung android ingkang sampun sumadya gendhing-gendhing iringan panggih panganten. Pawiwahan sampun kawiwitan. Manjing rerangken adicara ingkang sampun rinantam.

"Kumenyar mawa prabawa kentar-kentar winor ganda wida sumirat ambabar teja maya. Tansaya dangu tansaya cetha. Saya caket kawuryan ngalela. Punika candraipun panganten kakung mijil saking panti palereman..."

Singgih miwiti nyandra panganten kakung arsa mlebet papan pahargyan. Sesarengan tindakipun para tamu pengiring ingkang anglur selur bebarisan. Kairing gendhing kebo giro. Kalajengaken kodhok ngorek.

"Gantya ingkang winursita. Ingkang nembe kajengkar saking panti mayang arum, lahpunika candranipun panganten putri mijil saking panti busana. Amucang kanginan denira lumaksana membat madya lemenggang ing warih. meloking wadana sumunu agilar-gilar yayah kencana ingkang nembe binabar..."

Kawuryan gangsar anggenipun nyandra adicara adat widiwidana panggihipun panganten kekalih. Balangan gantal, tukar kembar mayang kalajengaken wijikan. Sasampunipun sindur binayang, bobot timbang, kacar kucur lan dhahar kembul kapungkasi kanthi sungkeman.

Sedaya lumampah sengsem. Palupi ningali saparipolahipun ingkang kakung kanthi praupan bingar. Karana sedaya lumampah kanthi rancag. Kamangka saderengipun miwiti kalawau rumaos sumelang. Samar menawi kongsi adamel kuciwa ingkang hamengkugati.

Lajeng mesem ngujiwat nalika ningali sabuk epek ingkang mboten samesthinipun. Ugi ningali sandhal slop ingkang yektos namung sepatu dipun tekuk. Diakali dados memper sandhal slop. Mboten ketawis dipuntingali para tamu sedaya. Lakar racakipun samya mirsani panganten sarimbit ingkang kawuryan bagus miwah sulistya ing warni.

Sedaya wau wewayangan endah sasi kepengker. Nalika Palupi ndherek sabiyantu kakungipun mranatacara pahargyan panganten ingkang pungkasan. Saderengipun ingkang garwa ngalami kacilakan rikala bidhal acara temu sastrawan ing Yogyakarta. Satunggaling prastawa ingkang njangget wonten manahipun. Sajuga kasunyatan ingkang anjalari gesangipun ngalami ewah-ewahan ageng.

Singgih kakungipun, pancen mboten namung prigel ngayahi jejibahan minangka panatacara panganten. Ananging jiwa seni kalawau ugi sinengkuyung kawasisanipun ing babagan kasusastran. Sampun kathah buku basa sastra jawi ingkang kababar.

Kadidene sastrawan jawi ingkang produktif mbabar asil karyanipun. Mboten mokal menawi wonten maneka undangan ingkang gegayutan basa lan sastra tansah ajeg ngestreni. Sanadyan papanipun tebih ing njawi kitha.

Dinten niki sampun ndungkap seminggu Palupi nandhang sungkawa. Sekawit kakungipun tilar donya krana kacilakan karambol antawisipun sepedha motor, mobil lan dump truk. Xenia ingkang dipun sopiri piyambak nubruk truk nalika berkendhara ing margi ageng.

Setunggaling kasunyatan ingkang mboten nate kumlebat ing pengangen. Mboten kakinten menawi kakungipun tinimbalan ing arikala taman-taman katresnan nembe mangurah sekar kabagyan arum angambar. Karier ing seni panggung kadidene panatacara lan sastrawan nembe moncer.

Pasuryanipun ketingal tembem jalaran mular ambal-ambalan. Netra tasih abrit netesaken waspa. Saben kemutan wewayangan prastawa-prastawa endah ingkang ajeg angrenggani lelampahan gesang tembayatan.

Nadyan kadhangkala mrangguli lara-lapa, ananging sedaya wau rinaos sengsem jalaran sami-sami nglenggana salebeting wardaya. Langkung-langkung sasampunipun nampi kanugrahan putra ingkang ndadosaken balewisma rinaos sampurna.

Amanah putra kadidene rerenggan sumbering kabagyan tanpa wewangenan.

“Gendhuk Laras, kapan bali menyang Bandung?” pitakenipun sinambi lenggah ing njogan saksampunipun bibaran jama'ah tahlil.

“Mbenjing, Bu. Kleresan wonten jadwal ujian semester,” wangsulanipun Laras sinambi reresik maneka gelas aqua kosong ingkang pathing slengkarah.

“Njur kepriye urusan tiket kanggo bali kuliah?”

“Kula sampun tumbas tiket kereta api lumantar online, Bu. Mbenjing kanton bidhal ing stasiun.” putra ontang-anting nyandhet anggone reresik. Banjur mingseg-minseg mular. Enget wewayangan bapa kinasih. Kraos mboten tega nilar ibu ingkang nembe sungkawa. Banjur lungguh nyedhak biyungipun.

“Muga-muga gangsar ing perjalanan. Dingati-ati lan waspada.” wanti-wanti kanthi manah sumelang. Kraos sumedhot. Awrat tebih saking geganthilaning ati ingkang dipuntresnani. Geganthilaning manah ingkang tansah gawang-gawang ing padoning netra.

Putra ontang-anting Laras Puspitasari ingkang kuliah ing Bandung mboten dangu wangsul nggriya. Ing Lamongan namung ngantos malem tahlilan pitung dinten. Awit ing kampus wanci ujian. Mboten tega badhe nggandholi. Lakar ujian ingkang kedah dipunleksanani mboten saget diundur. Kedah dipuntempuh slaras jadwal ingkang sampun gumathok.

Wanita ingkang taksih ketingal sulistya ing yuswa ngancik seket taun. Nandhang sedhih nunjem ing manah. Keluarga miwah tangga tepalih ingkang saben dalu ndherek tahlilan sampun mboten sambang. Griya gothang. Lampu-lampu padhang pathing klencar sampun mati. Gantos lampu panjer kados padatan. Swasana lan kahanan surem njalari jiwa sepa-sepi. Nglimputi ingkang nandhang sungkawa ketingal suntrut. Peteng kadya langit sinaput mendhung ing mangsa rendheng.



Musyarofah sedulur wuragil ingkang ajeg saben ndalu ngrencangi ing griya. Amrih mboten piyambakan. Karana ngantos lingsir wengi asring mboten saget tilem. Ajeg kerem ing ndalem ombaking lelamunan. Wola-wali diengetaken. Supados mboten kedlarung-dlarung menggalih pacoban gesang ingkang nembe disandhang.

Androit ingkang jarang dipun bikak tasih gumlethak ing meja kamar. Wonten swara telephon wola-wali. Wegah. Mboten wonten greget ningali. Telephon terus mungel radi seru. Wusana dangu-dangu Palupi kepengin mbikak. Jebul nomer panggilan saking Budi Sudarsono. Kanca penyiar radio nunggal kantor. Ha-pe diseleh meja malih. Mboten siyos nanduki. Lajeng wonten notifikasi saking platform whatsapp. Saking nomer ingkang sami.

Manahipun kebak pangigit-igit. Mboten saget ngampah raos kuciwa. Kanca penyiar radio ingkang nate ngganggu katentreman rumah tangga. Ngantos ingkang kakung cubriya. Damel murina. Banjur bale wisma gonjang-ganjing. Piyambakipun nglenggana. Rumaos lepat. Lajeng resign anggenipun dados penyiar radio.

Ngenget-enget kanyatan pait kalawau pikiran timbreng. Ing telenging manah rumaos lepat tumpuk-undhung dhumateng swargi. Lajeng ngalela, kemutan nalika sesarengan tindak haji wonten ing tanah suci. Manekung ngibadah lan ndedonga kanthi khusus ing Raudhoh. Ing caketipun makam Rasulullah. Syukur awit keluarga tinebihaken saking godha rencana. Manggih ayem tentrem tanpa pambengan sasampunipun kasempyok prahara sakeplasan.

Dumugi Mekah tanpa kendhat anggeipun istiqfar lan ndedonga. Ing Hijir Ismail. Ing Multajam lan papan mustajabah sanesipun. Datan katalompen umbul donga raharja kangge putranipun ingkang taksih kuliah.

"Pak, Alhamdulillah kula lan njenengan sampun kasembadan netepi rukun islam angka gangsal," Palupi nelakaken pamuji mring Gusti. Kalih aleman sendhen ing pundhak kakungipun.

"Iya Jeng, kanikmatan kang tanpa winates bisa menyang Baitullah. Kapan baya anake dhewe siji-sijine bisa enggal antuk jodho. Banjur budhal ing Mekah-Medinah bebarengan," punagi nalika sarimbit rampung tawaf ngubengi Ka'bah.

Ing Haramain ingkang mulya. Gegayuhan wigati sampun konjuk ngarsaning Gusti. Sedaya karsa sampun ingucap lumantar donga manjing telenging wardaya. Angejawantah salebetipun tumindak pangibadah ingkang kumedah-kedah.

Lamunan jugar. Nalika wonten kucing kerah ing njawi griya. Wengi sampun gumlewang. Piyambakipun menyat saking palenggahan. Mbikak cendhela. Nyilak kordhen. Ngungak ing njawi ketingal sepi tintrim.

Sitairesmi ingkang wingi-wingi tasih ketingal padhang purnama. Samenika sinawang mboten seser malih ing angkasa. Rembulan panglong. Pindha manahipun Palupi ingkang kajuwing. Kantun saperangan.

Cuthel

SAMPYUH

Dening: St. Sri Emyani

“Sik bu aku tak metu..”

“Badhe tindak pundi..? Mangsa pageblug ngeten menika kedah ngatos-atos. Wonten pawartos *virus corona* wonten pundi-pundi, tansaya ndadi. Pawartos menika, mboten namung wonten koran dalah televisi. Ananging saking *dumay* (dunia maya) ugi nggegirisi lho pak”.

“Iya. Iki arep mlaku-mlaku ning pesisir Konang. Olah raga, ngiras-ngirus *refreeshing*. Engko menawa ana *imajinasi* sing mranani ati, kena katulis ana ing majalah dalah koran basa jawa bu”

“Supe inggih pak..?” Siti Salamah simah kawula ngutahaken ukara sinambi nuding pasuryan.

“Ohiya. Masker. Sepurane lali bu.”

“Sik panjenengan tengga. Tak pendhetaken.” Siti Salamah ingkang sampun gangsal welas warsa kawula palakrama menika mlebet griya. Wangsul malih sampun mbeta masker werna seta.

“Mangga dipun agem.” Dereng mantun angsal kawula ndamel masker. Simah kula Siti Salamah wangsul ngutaken suwanten, pitaken kalem.

“Rumiyin.. rumiyin.. rumiyin.. Menika wau sampun ngasta *Hand Sanitizer* napa dereng pak..?”

“Wadhuh. Hiya durung nggawa. Wis tuwa gampang lali bu”

“He he he he nembe ngrumaosi menawi sampun sepuh inggih?”

“Ananging angen-angen iki, koyok sik enom bae lho bu”

“Inggih kados-kadosa taksih kiyat njunjung gunung mawon nggih..?” Siti Salamah sekar redi saking tlatah Hadi Sari menika ngutahaken gunem, kalih mesem sumanggem. Mboten dangu, wanita prasaja menika ngutahaken suwanten melih.

“Lha wekdal wingi nika *Hand Sanitizer* panjenengan sukakaken wonten pundi lho pak?”

“Sak elingku, kaya tak tumpangne ndhuwur meja ruang kerja.”

“Inggih kawula pendhetaken rumiyin” Wanita prasaja menika gita-gita mundhutaken.

Amergi taksih enjing, dumugi pesisir Konang inggih taksih sepen. Napa melih wekdal menika

nembe katrajang *pandemi*. Supados mboten ngantos wonten *virus covid 19*, sela Gilang ingkang badhe kalenggahan. Kawula semprot kalih *Hand Sanitizer* rumiyen.

Aman. makaten batos kawula ingkang mboten kawedal wonten ing lisan. *Pandemi corona* menika, mboten namung nrajang bumi kita nusantara. Ananging, ugi sampun sumrambah ngantos dumugi njaban rangkah. Pramila kedah ngatos-atos. Kita tansah eling klawan waspada, kados pangendikanipun para pinisepuh, ingkang sampun kathah dhahar pait getiripun ngagesang.

Miturut pangendikanipun para winasis, *virus Corona* menika kejawi gampang nularipun, ugi inggih dereng wonten jampi ingkang damel ngusadani.

Amergi biasanipun mlebet *si virus* menika medal grana dalah tutuk, pramila kita dipun anjuraken para winasis babagan kesehatan kedah ndamel masker. Kluwarga kawula inggih patuh sanget kalih protokol kesehatan. Utawi, ingkang sampun anjrah, kacekak *prokes*. Utami nipun, rayat kula patuh sanget. Natos, wekdal kula supe mboten mbeta masker dhateng kantor, Siti Salamah simah kula keraya-rayu mblancang angggen kawula nyepedhah. Untungipun, kawula menawi nyepedhah inggih mboten sepintena santer. Wusananipun dereng ngantos dumugi kantor, sampun kepanggih.

“Coronaaaa..!!!” Kawula njondhil kaget kepati. Amergi mboten kanyana-nyana, saking wingking wonten suwanten sora. Mbuyaraken lamunan. Saderengipun wonten *pandemi*, kawula asring sumerep tiyang rikma gimbal menika. Menawi mboten klintu, wekdal wonten peken enggal. Amergi peken enggal sepen, wonten *pandemi* menika. Salajengipun priya ingkang owah pikiripun nglomprong ngluyur ngantos dumugi pinggir pesisir. Ananging menika namung pamanggih kawula. Amergi, samenika kathah tiyang-tiyang ingkang tingkah lakunipun aneh-aneh. Kados, wonten ingkang saben sonten obong-obong menyan wonten ngajeng griya. Wonten melih, ingkang saben dalu rundha thethek, sanjangipun damel ngusir

pageblug. Napa inggih ngoten? Duka. Menika namung dapur kapitayan, ingkang saben tiyang, nggadahi kapitayan kiyambak-kiyambak.

Mboten gantalan wekdal. Priya rikma gimbal menika nggedrug bumi nginggil pesisir makaping-kaping. Salajengipun ndhagak, netranipun mlanther nyawang awang-awang.

"Coronaaa...!!!" Wangsul priya menika ngutahaken suwanten sora.

Samenika priya nika wau, gantos ngulati kawula. Mboten kok ajrih. Ananging, enget kalih dhawuhe simbah, *bapang den simpangi*. Priya menika sajakipun badhe mburu kawula. Saderengipun caket, supados aman, kawula inggal mlajeng. Sauntawis, kawula ngulati wingking. Lha kok tiyang niku wau mboten mburu. Sepi. E e eallah, dhasar tiyang owah. Badhe mlajeng, mboten ningali ngajengipun, wonten baeta ingkang nembe dipun cencang, supados menawi pasang mboten katut keseret ombak. Baeta menika, dipun tabrak ngantos glangsan. Kalodangan punika, kula ndamel nata lampah.

"Sugeng enjing pak Yan.kok.."

Dereng ngantos 400 meter anggen kawula mlampah. Wonten kenya semengit nyapa.

"Bapak Yani saking tindak pundi? Menika wau kok sajakipun..?" Kalih pitakenan, dereng ngantos kula sukani wangsulan. Gantos kawula waspadakaken, kenya menika pranyata si Maryati siswi kelas 9 saking SMP Partikelir.

"Iki mau lagi olah raga Maryati." Jawab serampangan. Dora sekedhik, watonipun sembada. Damel kawicaksanan. Miturut pemanggih kawula kok mboten menapa-napa.

"Mangga ta pinarak wonten gubug kawula pak Yan?"

"Suwun banget. Lha omahmu ngendi Maryati..?"

"Gubug kawula wonten ngandhapipun uwit Winong ageng menika. Ananging..?" Maryati nyukani wangsulan, kalih nyuding arah griya prasaja.

"Ananging, ngapa Maryati..?"

"Kedah medal margi ngandhap redi ngrika."

"Lha ya luwih adoh, menawa liwat dalan kana iku Maryati?"

"Inggih amergi..."

"Amerga ngapa maneh Maryati?." Mitereng.

"Amergi, griya celakipun margi trabasan menika, emak kalih yoganipun nembe tilar."

"Ninggal?"

"Inggih. Tilar kinging virus Corona."

"Kok ora digawa menyang rumah sakit?"

"Tanggi ingkang gadhah mobil, badhe mbeta dhateng griya sakit. Ananging, bapak ipun kipa-kipa boten kersa. Amergi, piyambakipun mboten percados dhateng virus corona pak Yan."

"Lha terus bapake piye saiki Maryati..?"

"Kadosipun bapake wau mlajeng dhateng pesisir. Kadosipun inggih sampun owah. Malah dipun isolasi mandiri mbradhat medal saking griya."

"Apa ora bahaya, menawa dheweke kepapar uga?"

"Lha menika. Mesthinipun, inggih bahaya pak Yan."

"Amit. Sepurane, aku tak pamiit dhisik ya Mar?"

"Inggih.. Inggih.. Sembah nuwun. Ngatos-atos, dipun jagi kasarasanipun pak Yan."

Gita-gita aku bali.

Alkhamdulillah. Tiyang ingkang badhe mburu kula wau, kesandhung prau. Menawi mboten ngoten. Kados punapa dadosipun? Kanthi jurus dora sembada, si Maryati mboten ngantos ngertos kedadosan punika.

Dumugi ngajeng griya, dereng ngantos lenggah.

"Pak bapak..."

"Enek apa bu..?"

"Tindak-tindak panjenengan wonten pesisir wau kok dangu. Kawula kuwatir. Badhe kula susul niki wau"

"Arep bali. E callah ketemu siswi."

"Kepanggih siswi. Menapa wonten masalah?"

"Iya. Tanggane ana sing ninggal, merga Corona."

"Saking pesisir wau, menapa panjenengan mboten mireng pawartos."

"Ora. Enek berita apa bu?" Siti Salamah simahkawula menika nyaket, kalih gita-gita ngajak maca wonten berita HP Android ipun. Kita sesarengan maca. **ISTRI DAN ANAK MENINGGAL KARENA COVID 19. SEORANG AYAH NEKAT BUNUH DIRI, DITEPI PANTAI DENGAN SEBILAH BELATI.**

"Wadhuh sampyuh!"

Sawetawis menika, saking gantangan sanginggilipun lumbung pantun, peksi kutut ingkang kawula sukani asma Watu Gunung manggung kung.

N u w u n **** Panggul- Trenggalek 15092021

Suket Teki

Dening : Zuly Kristanto

Wis telung dina iki Febri diajak bapake reresik tegalane kang manggon ora adoh saka omahe. Ing kawitane ngrewangi bapake reresik tegalan kuwi Febri sempet mangkel. Jalaran gara-gara ngrewangi bapake reresik tegalan kuwi ndadekake dheweke ora bisa nonton film kartun sing dadi karemenane.

Nanging rasa ora seneng ing atine Febri iku mung sawetara. Bareng wis suwe anggene ngrewangi bapake reresik tegalan. Rasa mangkel kang sempet dirasakake iku ilang tanpa tilas. Lan kaganti rasa seneng kang tikel-matikel.

Apa maneh saben-saben reresik tegalan, bapake mesthi ngobong larahan kang dikumpulake. Lan ing larahan kang diobong kuwi mau mesthi disloboki pohung. Febri babar pisan ora ngira yen mangan tela bakar sabubare ngrewangi bapake reresik tegalan iku rasane enak banget. Rasane ora karo sate tahu sing kerep dituku ing kantin sekolahe.

Saliyane kuwi kang ndadekake Febri seneng ngrewangi bapake reresik ing tegalan yaiku bapake kerep crita ngenani piguna tanduran kang ditandur ing kono. Saka critane bapake kuwi Febri dadi ngerti yen jahe iku kena kanggo tamba masuk angin lan sing arane kunir iku kena kanggo tamba lara weteng.

“Wah, jebul tanduran-tanduran sing wonten mriki niku kathah ingkang migunani nggih, Pak?”

“Bener, Le. Mula saka kuwi tanduran-tanduran sing ana kene kudu diramut kanthi becik. Bakunc supaya tanduran sing migunani iki ora nganti mati. Kanthi cara ngono sawayah-wayah awake dhewe mbutuhake kari njupuk menyang tegalan lan ora perlu tuku menyang pasar utawa toko.”

“Dadose arta sing kedahe damel tumbas obat wau

kenging ditabung nggih, Pak?”

“Hla, iku awakmu wis ngerti.”

“Oh, iya Le. Ngomongake tanduran obat. Awakmu ngerti ora sing jenenge tanduran obat kuwi uga kerep sinebut apa?”

Febri meneng sedhela kanggo ngeling-eling piwulangan sing nate ditampa saka gurune. Rasa suwe anggene Febri meneng. Sabubare ketemu Febri langsung awch wangsulan.

“Menawi mboten lepat namine TOGA, Pak.”

“Bener, Le. Hla TOGA iku dhewe cekakan saka apa?”

“Tanaman Obat Keluarga, Pak.”

“Wah, anake bapak iki jian pinter tenan.”

Pangalembana saka bapake iki ndadekake Febri seneng banget.

Sabubare kuwi Febri lan bapake nerusakake anggene reresik tegalan. Bapake ngethoki pang-pang tanduran sing wis garing. Dene Febri nyusuki sesuketan.

Sawetara wektu sabanjure bapake nimbali, “Le, leren dhisik. Iki pohunge wis mateng. Sesuk sore reresike diterusake sesuk maneh.”

Febri banjur ngendhegake anggene nyusruki suket.

“Sukete ben ing kono wae, le. Mengko dakjupuke dhewe.”

Febri bisane mung manut. Dheweke banjur masuh tangane nganggo banyu ing jero timba ireng sing digawa saka omahe. Sawse tangane resik. Febri banjur lungguh ing cedhake bapake.

Sinambi mangan pohung bakar. Febri pikantuk crita

saka bapake. Sore kuwi bapake crita yen tanduran iku ora mung kena kanggo tamba maneka lelara, nanging uga bisa didadekake piwulang becik.

“Maksudipun tanduran ingkang saged didadosaken piwulang niku priipun, Pak?”

“Maksude ngene, ana tanduran tartamtu sing duwe ciri khas. Lan ciri khas saka tanduran iku bisa didadekake patuladhan. Contone manggis iki. Manggis iki kerep dianggep *buah* kejujuran.”

“Hlo, kok saged? Maksude priipun, Pak?”

“Coba itungen *guratan* ing bokonge manggis sing kok cekel iku ana pira coba?”

“Wonten enem, Pak.”

“Saiki manggise bukaken lan itung isine ana pirang iji?”

“Wonten enem, Pak. Hlo, kok saged ngoten?”

“Yaiku sing jenenge kuwasaning Gusti. Apa sing katon ing njaba bakale padha karo sing manggon ing jero. Mula saka kuwi manggis kerep didadekake lambang kejujuran.”

Febri ora bisa nyingidake rasa nggumune marang kedadeyan kang mentas dialami. Nganti tekan bengi Febri isih kepikiran kedadeyan kang dialami sore mau.

Wengi kuwi ing kalane Febri sinau. Dumadakan ana angin gedhe lan udan deres sing teka ing desane. Ing satengahe swara udan lan bledheg sing saut-sautan. Dumadakan keprungu swara *mak bress* saka tegalane.

Febri sing lagi sinau ing kamare banjur metu lan nyuwun pirsaya menyang bapake.

“Menika swanten napa, Pak?”

“Dudu swara apa-apa kok, Le. Mung swara wit rubuh. Wis diterusne maneh anggene sinau!”

Febri manut prentahe bapake. Febri banjur mlebu menyang kamare.

Tekan kamar Febri mesam-mesam dhewe. Wengi kuwi Febri mbatin, “Ah, sesuk tugasku bakale luwih gampang. Hla, wit wae bisa rubuh merga kena perbawane angin. Mosok suket teki sing daksusruki sesore mau ora gelem melu kabubut saoyot-oyote.” Mangkono batine Febri.

Mbayangake sesuk tugase luwih gampang. Wengi iki

Febri pengin cepet-cepet turu. Pamrihe bisa enggal mulihake tenagane. Dina candhake Febri melu bapake menyang tegalan. Febri pengin ngerti wit apa sing rubuh lan kaya ngapa kahanane suket teki sing dibayangake melu kabubut merga kena perbawane angin.

Nanging saiba kagete bareng ngerti kahanane suket teki sing nyatane isih ngadeg jejeg. Saking kagete merga ngerti apa sing dibayangake ora padha karo kasunyatan. Febri mung ndomblong.

“Ngapa kok ndomblong kaya ngono kuwi, Le?”

“Niki hlo, Pak. Aneh banget.”

“Aneh piye?”

“Nggih aneh. Mosok wit sengan sing samonten agenge saged rubuh. Hla, niki suket teki sing namung samenten kok malah taksih ngadeg kanthi jejeg.”

Weruh anake bingung. Bapake banjur njelasake.

“Ngene, Le. Bapak wingi lak wis crita ngenani piwulang saka tanduran ta?”

“Nggih, Pak.”

“Hla, ya kuwi. Saliyane saka manggis kaya sing bapak critake wingi. Suket teki iki uga bisa dadi piwulang kanggone awake dhewe.”

“Piwulang ingkang kados pundi, Pak?”

“Suket teki iki mulangake kaya ngapa wigatine wong kang duwe supaya kita nduweni sipat andhap asor lan aja nganti duwe watak kang ladak. Wong kang duwe sipat andhap asor kuwi kerep pikatuk slamet lan suwalike wong sing duwe ladak kerep pikatuk memala.”

“Contone sipat ladak niku kados wit sengan niku nggih, Pak?”

Bapake manthuk sinambi ngacungake jempol.

“Saliyane menehi piwulang ngenani wigatine sipat andhap asor. Suket teki uga tansah mulangake wigatine kuate tekad. Sasuwene durung kajabel nganti tekan oyote. Masiya bola-bali dirantas godhonge. Suket teki tetep bakale tuwuh. Piye hebat ta?”

Febri mung meneng. Febri babar pisan ora ngira suket teki duwe kaluwih sing kaya ngono. Mula wektu kuwi Febri duwe tekad pengin bisa kaya suket teki.

J.F.X. Hoery

APA SING MBOKBURU

Playumu ndhungsang palang
Kaya ginawa ati mamang
Gendandapan ninggal petungan
Aja kaya wong wuru
Apa sing mbokburu

Playumu ndhungsang palang
Kebate kliwat ora mekakate
Selagine angin wae angon mangsa
Yen wis tekan wancine
Ora perlu ginelak
Mundhak kalenggak

Playumu ndhungsang palang
Apa wedi keblancang rowang
Kok wedi ayang-ayang
Aja ngumbar rasa sumelang
Coba disawang

*Padangan-Bojonegoro
Bakdamulud-Jimakir-1954*

KANGEN

Pangangen gendhayutan ing lengkehing wengi
Ana kang pencolotan ing impening batin
Kang ngaruhake kapan bisa ketemu
Bebarengan andum crita
Andum kangen

Katon kelap kelip lampu ing atimu
Ginawe dolanan tembang kasmaran
Praupanmu kang tembus ing kacarasa
Kasilir angin samungguh sukma
Ing rasa lan karep

Kang sinawang saka waliking karep
Sapa kang anguk-anguk cendhela
rumesep ing telengng sanubari
Jangkah kang ginelak lingsir
Sida nglarung sepi

*Padangan-Bojonegoro
Bakdamulud-Jimakir-1954*

PIYANDEL

Yen jumangkah diarah-arahan
Timbang mencolot aluwung nguwo
Yen lelaku waspasdakna kang tinuju
Ninggal kaprayitnan ngundhuh kapitunan

Yen ngucap aja waton kecap
Tembung kang lepas saka gurung
Dadiya tembung panjurung
Ing sadhengah papan
Sabene lepassing nafas

Piyandel gondhelane laku urip
Ngugemi pitutur sumawur
Mas picis rajabrana gampang sirna
Sumendhe pepethening Kang Maha Asih
Sampurna tekan wekasane
Dadi gawan aji donya akherat

*Padangan-Bojonegoro
Bakdamulud-Jimakir 1954*

JEJEGING IMAN

Obahing raga jinurung jiwa
Lamun raga tininggal jiwa
Puputing laku

Urip nggayuh kamulyan
Ing alam padhang tumeka delahan
Mundhi jejibahan

Ngudi kasampurnaning laku
Sinangga kuwating jiwa nggegem iman
Andum trisna asih

Yen pepenginan tan winates
Nggodha pancadriya mbedol kendhali
Mbabar brahala

*Padangan-Bojonegoro
Bakdamulud-Jimakir 1954*

KIDUNG PAMUJI

Wus adreng manjing palagan
tanpa sanjata nir gegaman
prang gagasan adu wacana
jagat nyata sumawana maya
datan damang sangkan paran
ndadak nagari katrenjuh aradan
pageblug tetaunan

Cancut tumandang mblabar kawat
dinuta menangake patembayan
gelis gumregut ambangun pangimpi
ngenani tatanan anyar
para tani sengkut olah tetanen virtual
dagang layar anglur selur nujulangit digital
nglari pangimpen sajuga tanpa panyakrabawa

Ngumandhang kidung pamuji
nadyan isih kalimput pandemi
suka sukur mring rejeki sumawur
saking langit memayu bumi
pranatan rukun tresna mad-sinamadan
manunggal ngener cipta rasa karsa
bebrayan widada lestari mulya

Bojonegoro, September 2021

WENGI MRING SITARESMI

Esem langit sumilak prasapa
abyor lintang ngrengga akasa
wewayangan ngalela jro bening tлага
silem yektining cahya bebadra
jagat panguripan andum bagya mulya

Bawera langit sumilak jingglang
wengi mring sitaresmi asung pepadhang
bumi nelakake rasa bungah mring tawang
mring bebrayan kekitrang
kartika candra sayekti pralampita piwulang

Biru langit lazuardi kekencar rembulan
kasetyan mring ratri sadawaning laku jaman
parandene bebrayan nyingkur tuladhamirunggan
kapiadreng uleng ngunus rasa memungsuhan

Bojonegoro, Oktober 2021

Nono Warnono

TAWAKAL

Sekawit tabah
Coba lan godha rencana
Kadidene pandadaran mirunggan
Kareben santosa ngadhepi jaman
Gilir gumanti cakramanggilingan

Manungsa tan elok nggegulang Gusti
Abang biru ngaurip wus tinulis kanthi wasis
Yen kongsi abot ing panandhang
Mung nana sajuga dalam
Seleh sesanggan pasrah sumarah
Enering urip lan panguripan

Masjid Al-Makruf, Muharam 1443 H

ING KENE NATE ANA CRITA

Ing kene,
nate tuwuh wit ngrembuyung
tumiup angin lirih
nuwuhake sengsem
kembang arum angambar
agawe bumi langit bingar

Ing kene,
nate keprungu wirama tembang
panuthuke tatah wayang
ngrengga jiwa kasmaran
kapang mring sitaresmi
nenuntun laku bebadra

Ing kene,
angin lumisik kaya ngerog wit-witan
gogrog kembange
kuning semu abang
luruh gegayuhan
tumiba ati lola
- ing ulegan lesus jaman

Ing kene,
gegodhongan mobah mosik
ngreridhu ati benthik
durung kongsi lilih
ati kelangan katresnan
kari ninggal riwayat panglambrang

Lamongan, Oktober 2021

MANGSA KALA SEBA

mangsa kala, kala seba
kala mangsa, mangsane pageblug
ula, nyabik, kadhal, lan baya
padha adu wangining lenga
klimising kulit satengahing bencana
endah klawan becik sajrone rasa
ning klawu ing rasa rumangsa.

mangsa kala, kala seba
kala mangsa, mangsane pageblug
ula, nyabik, kadhal, lan baya
padha adu dawa dawane ilat
melet-melet ming rekadaya
ambus-ambus apus-apus mangsan
katadhah ing gupiting prahara.

mangsa kala, kala seba
kala mangsa, mangsane pageblug
ula, nyabik, kadhal, lan baya
ngiyak-iyah pranataning praja
ngudal perkara ing jagad maya
kena iwake ora butheg banyunc
mangsa pageblug kala seba
ula, nyabik, kadhal, lan baya
mbidheg mring pangrintihe kawula
kang nandhang lelara
budheg mring tetangis duhkita
kang nandhang sungkawa
mangsa pageblug kala mangsa
ula, nyabik, kadhal, lan baya
mesem gumuyu kaya ora duwe dosa.

mangsa kala, kala seba
kala mangsa, mangsane pageblug
ula, nyabik, kadhal, lan baya
ngalor-ngidul nglusur
sora nyuwara tanpa rupa
ngetan-ngulon
buntut kopat-kapit ndhas sesingidan
mancing ing butheging banyu
bareng kadenangan clingukan
cengingas cengingis
kadya wong kang bacut kelangan wirang.

Sastrowidjojo, 19082021

Gampang Prawoto

LAMBE TURAH

apa wis kok korahi
piring cingkir gelas sendhok
sing sedina mau
kok gawe ngrasani tangga
nggunem alane kanca
tekan nyalahake negara.

apa wis kok kumbah
kotang, kancut, klambi lan meksi
kang bacut kaliwat kecut
nyerep tusing kringet kringet anget
regan gabah kang saya owah
rega beras sansaya murah
pungkase ming nyalahne pamarintah.

apa wis kok kumbah
lambemu kang klomoh idu
tanpa kabrangus masker
basin, arus, lan amis ing gunem
lambe lambe blethotan rereged virus clathumu
kaya kaya kabeh ming rekadaya
masker, virus, lan vaksin
ndadekake ora trima
pangupaya malah diundhamana
kaya kaya kabeh ming rekayasa
kang kok kemah kemah mumur
campur gudhal selaning untu
kabehing aturan kaanggep wenteran
corona kok duding sulapan.

apa wis kok kumbah
letheg letheg lengur ing bunbunan
kang gawe owaing pikir lan nalar
rumah sakit, puskesmas, lan satgas
ming gawe rasa was
dokter, mantri, juru rawat
gur dodolan obat
corona iku ming dulinan
ning
nalikane kowe lan kowe
ketaman virus corona
mung bisa sesambat "aduh lara"
polatan kewirangan setengah isin
isih bisa ngedumel
iki kong-kalikong negara negara kang dodolan vaksin.

Sastrowidjojo, 04082021

Keliek SW

GURIT KAGEM IBU

Tresnaku ora bakal garing-ngalingking
senadyan sliramu, minangka Ibu, ora kuwagang nyusoni aku
nganti mblendhing.
Sumurupa, anggonmu nggulawenthah si bocah mbeling,
wis dalcandhi ing gumuk sanubari
lan dakjiyarahi saben wanci.

Aja disengguh aku mbadal dhawuh
ngrukti tobong-gamping sing meh rubuh,
yen sliramu banjur daktinggal
nglembara tumuju tlatah wetan.
Anggepen minangka laku anggonku nglari tebane pulung gegayuhan
jumbuh unine wisik lan pituduh,
sing daktampa parak esuk ngadhepake subuh.

Aja nangis, Ibu,
lamun gapura mangsakala wis binuka
bareng tekane wulan purnama,
anak lanang sing cinandra duraka
bakal sowan ngabyantara
ngudhari bundhelan isi crita.

Kertosono, 2021

LAYANG KANGGO DINI

Wis daksuntak tuntas rasa tresnaku
lumantar layang cinangking angin.
Uga sakehe rasa kangen sing tansah konjem
jroning batin.

Daksuwun sliramu ora kabotan
yen jroning layang sinelip guritan,
ngenani dina kawuri sing wis dadi sejarah:
Dalan ciyut pojok prapatan, utawa sendhang cilik
kinupeng suket alang-alang.
wis nate daksaba ora ketang mung sepisan.

Nimas, aja sedhih, aja susah,
mung merga ewuh-pakewuh kepriye anggonmu wangsulan,
yen sawayah-wayah layangku tekan astamu.
Aku ngerti, semboyanmu lak kadhung tinulis ing tembok kamar:
Katresnan lan kasetyan iku bisa luntur kepangan jaman.

Kertosono, 2021

SESAWANGAN

St. Sri Emyani

Netra mlanthar pucuking grana
jiwa nyawiji
gesang pindha klaras kleyang
kasebul sambirana
tumiba saparan paran
ngupaya pangupa jiwa
n e l a n g s a

Wektu gurung ngelak
weteng ngrasa ngelih
sepi ajeg nggegem ati
ana madyaning ratri
ndak eja sari patining kitab suci
urip iki mung kaya impen

Wengi bali ndak pandeng pucuking grana
tandhes telenging sukma
urip iki mung sesawangan
ana banjur bali ora ana
astaning panguwasa jati
G u s t i
*** Panggul- Trenggalek, 14092021

ORA TUMANDANG

Sore langit rerenggan candhi kala
ana ing tlatah bumi padesan
barisan kawula kalang kupeng palagan
ngulati bandayuda kang kebak pangarep
ngrembakaning kabudayan

Wektu terus lumaku
mecaki laku lakon
guyu lan tatu
ndadekake endah wernaning panguripan
kekarepan kaya mung patembayan
kita saderma ngupaya
ora wenang!

Satriya tama benteng budaya
njegur palagan pancakara
mungsu buta mancanegara
sauntara generasi mudha
ora tumandang
mung nyawang
*** Panggul- Trenggalek, 14092021

PRAYITNA

Ngrukti edi luhuring budaya
oyod pedhot dhadha gambangan iga
mung kari thukul ana ing lemah garing
netra aking kasadan waspa
raga kuru kepanggang mangsa

Raseksa rikma abang
gumrajag saka bumi sabrang
gemebyar pamer gelar ayu
dhasaring trah diyu mesem ngguyu
ngrayu anak putu
katut kapilut senajan ora patut

Ho o o

Budaya sedya katadhah kala mangsa
paraga pidegsa tato saranduning raga
kang prayitna para putra
waris ora mung pamer endahing rupa
ananging kebak surasa utama
*** Panggul- Trenggalek, 14092021

KEDUWUNG

Tembang asmarandana pikat prasetya
salulut nggladhi ulah warastra
kala mangsa palagan sonya
papan panggonan wisata
sinexsen ombak aluning samodra
makutha sawiji wis tanpa pengaji
eman eman rayi

Aja tetawang

bareng wis rumangsa kelangan
sejatine buyut wus aweh wejangan
ngati ati ngrukti wewadi
aja nganti lali ana ing papan sepi
ora bali!

Getun tiba mburi

prayitna sadurunge pancen piguna
barang kang wus kadhung
ora wurung bisa keduwung
*** Panggul- Trenggalek, 14092021

Sri Ismini Istuningsih

K O P O N G

GEGAYUHAN

Pedhut arak-arakan ngadhang laku
nadyan dakwiyak sarosaku
tan keguh ing panyeru
malah pitakonmu gawe cuwaku
sapa kowe, kumawani ngadhang laku?

Ra kira dakundurake jangkahku
ra kira dakwurungake sedyaku
nadyan kokencepake lambemu
apa dene kokathungake bithimu,

Tetep dakuyak lakune lintang
nadyan adoh mlesat ing ngawiyat
miyak mega mendhung kang lambat-lambat

ing kene tansah dakrantu
cumlorotmu kartika ayu...

Kwarasan, 110721

ING GISIK BAREHAN

Wis daktekani papanmu
makaping-makaping tan kawilang
tansah daksawang nadyan tanpa rowang

prau konthing
ngajak urip pontang panting
nadyan olehe mung mak klunthing

isih bisa dakrungu
jumlegure alunmu
lan endahing sesawanganmu
kaya dhek cilik diajak bapakku
Gisik Barehan tansah cinathet ing telenging atiku

Barehan, Juli 2021

adzan tengara manjing manembah
dudu ajak jamaah kaya padhatan
nanging kudu tetep ing omah

donyaku krasa owah
rasa pangrasa malih kopong
sasisih ati growah
kaya wong kasatan nanging ora antuk ngombe
tumeka kapan kahanan kaya ngene
Kadya ngranti sumilaking pedhut klawu
ing tengahing dahuru

Kwarasan, April 2021

B A P A

Bapa...
daksawang raga tuwa
gumlethak lemes tanpa daya
ya Alloh, apa bener iki Bapa?!
kang wis ngukir jiwa raga
dhuh, Gustii mugya paring usada

Isih gawang-gawang ing netra
rikala Bapa sengkud makarya
sabarang halal dilakoni kanggo putra
pawiyatan apa dene pategalan
ditlateni minangka sewu dalane rejeki

Daksawang maneh pasuryane
katon lila kebak pasrah
tan ana tembung kawetu
apa dene pisambat
kedaling lathi aweh tengara krenteging nala
kang tan bisa kawaca

Rikala esuk iku Gusti nimbali
Aku tan bisa nggondheli
Mung derese luh kang tansah mili
sewu donga pamuji marang Gusti
angiring tindakmu mring tepet suci.

Pacitan, memory 31 Oktober 2017

Penyair Lingsir Dalu

Sri Astuti

L a y a n g

Penyair,
Apa sing mbok-pikir?
Praupanmu katon surem
Yen pancen ana sing arep mbok-tulis
Mesthine atimu kudu tentrem

Singkirna rasa tidha-tidha
Supaya angen-angenmu luwih gantha
Lan tetembungan sing mbok-pilih
Tundhone nduweni daya

Penyair, aja sumelang
Swara kenthongan saka gerdhu
Kirim kabar marang sliramu
Yen wengi iki kahanan aman
Saka pokale maling lan brandhal

Ah, penyair
Dak-sawang praupanmu saya ngalentrih
Kaya kentekan getih
Luwih becik cnggal turu
Sesuk isih ana dina
Kanggo ngrampungake geguritanmu

Gandusari 02/02/2020

Dak-tulis layang tresna
Kagem sliramu ing sadhengah papan
Jalaran rasa kangen kang mencit
Ora kuwagang dak-gendhong
Rekasa yen kudu tansah dak-indhit

Nuwun sewu, sliramu aja ngguyu
Kangenku tuwuh saka rasa tresna-tuhu
Wis suwe aku lan sliramu pinisahake jarak
Rasane tangan iki kepengin ngranggeh kalamun cedhak
Kamangka jembare segara angel diukur
Ing sabrang kana sliramu sajak anteng tugur

Dak-tulis layang cekak-aos
Jalaran kangenku nandhes jroning batos
Dak-tulis layang kangen ing tengah wengi
Jalaran katresnanku dudu barang imitasi

Kangmas,
Apa sliramu pancen wis lali
Janji suci kang nate mbok-ucapake
Sineksen langit lan bumi?

Gandusari 04/03/2020

Dolan lan Dolanan

Wayahé dolan ya kudu dolan
Dolan menyang omahe tangga
Tangga cedhak apa tangga adoh
Adoh kuwi mung prekara jarak
Lamun disedya dadi cedhak

Dolan seje karo dolanan
Dolanan rasa-pangrasa bisa nandhang wuyung
Wuyung yen ora empan papan
Papan nylempit kanggo dolanan
Wekasane dadi rasan-rasan

Ayo dolan, menyang omahku
Ayo dolanan, murih seneng atimu

Gandusari 11/03/2020

Sesuk Isih Ana Dina

Anakku,
Aja banget-banget anggonmu ngresula
Apa maneh nganti ngundhamana wong tuwa
Mung merga ngalami urip cingkrang
Mangertiya, sesuk isih ana dina
Kamulyaning urip ora mokal dijangka

Ngger, rungokna
Sliramu kudu dhamang kanyatan
Senajan saiki urip rekasa, prayogane dinikmati wae
Gusti Allah ora sare
Jantraning lelakon pancen kudu ditempuh
Krana katresnane, Gusti Allah bakal paring pituduh

Anakku,
Jejere manungsa aja pijer ngresula
Yen sliramu lara,
Biyung bakal mbudidaya golek usada
Awan padhang jalaran sorote srengenge
Karodene, donya iki jembare ora mung sagodhong kelor
Senajan wengi peteng lelimengan
Langite rinengga lintang abyor

Gandusari 02/02/2020

Peni Kusumawati

Wengine Isih Dawa

kepenakna anggonmu turu
jalaran wengine isih dawa

ing njaba, grimis wiwit sumawur
nyirep hawa ungkep
lan awèh panglipur
marang sapa wae
sing atine kuwur

wengi kang tintrim
mbabar dongeng anyar tumrap batin
sawise ragamu kinunjara sedina
netepi wajib ngupaya boga
kanggo brayat, kanggo kulawarga

wengine isih dawa
isih cukup kanggo ngaso
ngleremake jiwa saka sakehe sesanggan
sing pinesthi teka-lunga

Nganjuk, agustus 2020

Aku Perlu Kandha

sajake aku perlu kandha
yen wis kepara suwe dheweke lara
dheweke pancen ora nate sambat
uga ora tau crita
marang sliramu lan sapa wae

sejatine aku welas
weruh dheweke asring megeng napas
saktenane aku kepengin nlesih
sadurunge dheweke jeli-jeli

saktenane aku kepengin kandha
lan awèh pretikel bisowa kanggo usada
rehne aku ora keduga
mula cukup lumantar guritan alit
mbokmenawa sliramu gelem maca

Nganjuk, september 2020

Dakumbar Lakune Impen

dakumbar lakune impen
nepusi wengi
embuh tekan ngendi

aku numpak sepur ekspres
lakune nggejres
ngliwati stasiun-stasiun cilik sing ora dakkenal
nrabas satengahe alas
lan sawah jembar
ing kadohan pegunungan gamping katon cetha
bebanjengan dawa kaya ula

aku ora ngerti
sepur iki budhal saka ngendi
semono uga stasiun pungkasan sing dituju
ora ginambar ing angen-angenku

sepur ekspres lakune nggejres
nlusuri dawane ril
nututi pandoming wektu
sing keponthal-ponthal
antarane awan lan dalu

Nganjuk, juli 2020

Antarane Rina lan Wengi

antarane rina lan wengi
wanci surup sing matesi
antarane esuk lan sore
awan tengange kang misahake

antarane putih lan ireng
isih tinemu werna klawu
antarane padhang lan peteng
ana kalane sing katon mung remeng-remeng

ana sing maton
ana sing ora maton
ana sing cetha-ngegla
ana sing kudu dionceki lan digerba

Nganjuk, september 2020

GRIMIS

Eksi Sekarini

Grimis sumuwur wayah sonten,
kepireng kados suwantenipun tiyang rengeng-rengeng,
lelagon tresna prasaja,
anak-turuning Bapa Adam lan Ibu Hawa.

Grimis tansah lembah manah
dhateng bumi, wit-witan, kewan. lan manungsa.
Grimis awatak alus-manuhara,
nyebar katresnan tanpa pamrih.
Grimis boten nate cidra,
bilih langit nyimpen toya.

Grimis mbabar kaendahan.
Grimis nyebar katresnan.

Tanjung, Oktober 2020

MARIDUN, MARINTEN, LAN MBAH DHUKUN

Maridun lan Marinten,
pasangan saking tlatah Geneng.
Maridun lan Marinten,
gadha cariyos ingkang dereng kapireng.

Maridun sakit wudun,
pitung taun dereng mantun.
Marinten mbudidaya pados usada,
Maridun kabekta mertamba,
Mbah Dhukun ing Wonokromo.

Mbah Dhukun taksih mudha, bagus, lan sugih crita.
Kacariyos, dhukun milenial tanpa keris lan kembang-menyang,
ugi tanpa tumbal.

Maridun lan Marinten rumaos seneng.

Wiwit sonten ngantos tengah dalu,
Mbah Dhukun ketungkul crita,
prekawis sejarah Majapahit ngantos Wali Sanga.

Wancipun paring usada,
Mbah Dhukun ngucap lirih nanging cetha,
"Simsalabim, Abracadabra, Walawalakuwata."

Tanjung, Oktober 2020.

SAMINGUN

Samingun tiyang dhusun,
nggarap sabin lan pategalan,
nanem palawija lan pantun,
kangge cagaking gesang bebrayan.

Samingun gadha mendha lan lembu,
ugi ngingu ayam
lan ngramut glodhog tawon madu.

Samingun tani utun,
boten nate kesah dhateng kitha,
boten sumerep kawonten ing tlatah tebih ngrika.
Wiwit enjing ngantos sonten,
Samingun mligi makarya.

Samingun tiyang dhusun.
Samingun tani utun.
Samingun tiyang mardika.
Samingun pinaringan panjang yuswa.

Tanjung, Oktober 2020

KAPUK RANDHU

Pethak wernaning kapuk randhu,
ugi pethak wernaning es batu.
Nanging kekalihipun boten sami.
Namung kapuk randhu ingkang ngreridhu ati.

Kapuk randhu ngemutaken pasuryaning ibu,
nalika taksih timur,
dereng gadha jejibahan lan sesanggaman.
Nepusi dinten, wulan, lan taun
rinaos entheng sedayanipun.

Kapuk randhu ugi ngemutaken kula,
bilih rupa lan wewujudan boten lestari.
Werni pethak saget malih mblulak,
werni ijem dados cemeng.
Sedaya ingkang wonten, sakawit boten wonten.
Lan sedaya ingkang wonten,
ing tembe boten wonten.

Kapuk randhu, kapuk randu
ngumandhang lelagon salebeting kalbu.

Tanjung, November 2020

Papan Wisata Alam Kabupatèn Pacitan.

Pacitan kitha 101 guwa

Kathah Papan Wisata Alam ingkang ngelam-elami



Peta Kabupaten Pacitan

**Kabupatèn Pacitan ingkang dumunung
ing poncot kidul kilèn Propinsi Jawi Wétan,
nyimpen papan pariwisata ingkang sakalangkung ngelami-elami.**

Bilih rumiyin Pacitan mujudaken Kabupatèn ingkang kapencil ing Jawi Wétan, awit ngrekaosipun margi tumuju Pacitan. Nanging karana kemajenganipun pembangunan, sakpunika prasarana sesambetan sampun lancar, punapa malih wontenipun JLS (Jalan Lingkar Selatan), sesambetan ing laladan kidul Yogya – Wonogiri - Pacitan - Trenggalek langkung lancar.

Rumiyin kondhang tlatah cengkar, kasebat **kutha Thiwul** amargi pancèn warganipun ngantos warsa 1970-an patedhan utami sekul gaplek (thiwul). Nanging sakmenika sampun kangélan pados sekul thiwul.

Sakmenika Kabupaten Pacitan ngondhangken sebatan “**Kota Seribu Satu Goa**”. Mbotes klèntu, awit kathahipun guwa-guwa ageng alit ingkang mboten saged cinacah. Kepara wonten nami guwa sewu (luweng sewu) ingkang wonten perengan sela kapur mbanjeng saking pesisir Barehan mangétan ngantos dumugi Purwoasri, Kebonangung.

Papan Pariwisata ing Kabupatèn Pacitan ingkang manjila inggih punika wisata alam, ingkang arupi guwa saha pesisir. Kalarumiyin papan wisata guwa namung guwa Tabuhan saha guwa Kalak, pesisir namung pesisir Telengria utawi teluk Barehan. Nanging sakmenika kathah guwa-guwa énggal ingkang ngelam-elmi kapanggihaken, saha kathah pesisir-pesisir ingkang dados tujuan wisata ing Pacitan.

Wisata Guwa.

Mbotes anèh bilih Pacitan ngondhangaken sebatan “**Kota Seibu Goa**”, jer Kabupaten Pacitan nggadhahi guwa paling kathah katandhingaken kaliyan kabupatèn sanèsipun. Cacahipun guwa ingkang sampun kacathet (didata –basa Indonesia) paling mboten sampun wonten 106 guwa, ingkang kathah sumebar ing pesisir kidul. Saking cacah guwa 106 kala wau, paling mboten wonten 13 guwa ingkang pinangka dèstiminasi (tujuan) wisata guwa

papan wisata

Wiwit **guwa Tabuhan** ingkang sampun kondhang wiwit jaman Pangeran Mangkubumi pinangka papan tarakbrata saha mesubudi. Guwa Tabuhan suwaunipun nami guwa Tapan, amargi kanggé papan mertapa. Jaman perang Diponegoro, Ali Basya Senrot Prawirodirdjo inggih mertapa wonten mriki. Gantos nami guwa Tabuhan, amargi stalatit saha stalagmitipun menawi katabuh saged kanggé ngiringi gendhin/tetembanga.. Asring wonten wisatawan ingkang nanggap sindhèn kanthi iringan sèla wau.

Mapanipun wonten désa Warèng, Kecamatan Punung namung 3 km saking margi ageng Pacitan-Solo.

Guwa Kalak ing désa Sendang, Kecamatan Donorojo ugi kondhang dipunpercados papan pamuksanipun Brawijaya Pamungkas, rikala madosi putranipun Raden Prawiroyuda, inggih Ki Ageng Kalak.

Guwa kalih menika ingkang kala rumiyin kondhang kajawi pinangka papan pertapanipun para leluhur inggih ngandhut mistis.

Wiwit warsa 70 kapanggihaken guwa-guwa énggal, ingkang cacahi[pun atusan guwa. Kados ingkang katur ing ngajeng, ingkang sampun kacathet wonten 106 guwa.

Saking cacah guwa 106 punika, paling mboten wonten guwa 13 ingkang kadadosaken tujuan wisata kalebet papan *petualangan*. Sasampunipun **guwa Tabuhan** kaliyan **guwa Kalak**, kapanggihaken **guwa Gong**, ing dusun Pulé, Désa Bomo, Kecamatan Punung.

Guwa Dhawung ingkang lajeng kasebat guwa Sendang Pitu, amargi ing lebetipun guwa wonten sendhang utawi sumber toya cacah pitu, mapan ing désa Piton Kecamatan Punung.

Guwa Sukamana ingkang nembé kapanggihaken warsa 2013, mapan ing désa Dhadhapan, Kecamatan Pringkuku.

Guwa Pedhèn ing désa Sésò, Kecamatan Pringkuku nggadhahi stalakmit wangun

pocongan. Ing lebet guwa wonten ruangan cacah sekawan, kanggé tumuju ruangan-ruangan wau kedah mènèk sèla.

Guwa Semèdi mapan ing désa Sooka, Kecamatan Punung. Kasebat guwa Semèdi miturut cariyos jaman rumiyin kanggé semèdi (mertapa). Amargi dèrèng wonten lampu, kanggé wisatawan kedah mbeta sènter.

Luweng Plénté mapan ing désa Jlubang, Kecamatan Pringkuku. Kasebat luweng amargi guwa menika njuleg wonten ngandhap, kanggé mlebet guwa sarana andha. Kathah stalakmit saha stalakmit ingkang éndah ngelam-elami.

Luweng Ombo, mapan ing désa Kalak, Kecamatan Donorojo. Luweng Ombo menika mujudaken guwa paling ageng saha paling lebet ing pulo Jawi.

Song Terus, mapan ing désa Warèng, Kecamatan Punung. Song Terus ingkang panjangipun 150 meter, mujudaken situs arkeologi jaman Prasejarah. Ing Song Terus punika kapanggihaken fosil manungsa ingkang gesang 10.000 warsa kapengker.

Luweng Jaran mapan ing désa Jlubang, Kecamatan Punung. Ing lebet luweng wonten lèpènipun, menawi mangsa rendheng sering bena ing lebet luweng. Luweng Jaran panjangipun 25 km, mujudaken guwa paling panjang ing Indonesia.

Guwa Somapura, mapan ing désa Bungur, Kecamatan Tulakan. Saking guwa cacah 13 menika, guwa Somapura satunggaling guwa ingkang wonten laladan Pacitan éring wétan, sanèsipun wonten ering kilèn ing Kecamatan Pringkuku, Punung saha Donorojo ingkang mujudaken gugusan redi Sèwu.

Pesisir.

Sasampunipun guwa, pesisir dados unggulan wisata kaping kalih tumrap Kabupatèn Pacitan. Rumiyin andhalan wisata pesisir namung **Telengria**, utawi Baréhan ingkang mapanipun namung watawis 4 km saking punjering kitha Pacitan, kaliyan



Guwa Tabuhan, Ing Kec. Punung



Pesisir Watukarung. Eman taksih kepalang prasarana margi.

pesisir Taman ing Kecamatan Ngadirojo, 50 km sakwetanipun kitha Pacitan.

Sakpunika langkung saking sedasa pesisir ingkang dados tujuwan wisata Pacitan ingkang ngawonaken pesisir Telengria. Saking pesisir-pesisir ingkang dados andalan wisata Pacitan, kajawi ingkang wonten lintasan JLS (Jalan Lingkar Selatan) sanèsipun kedah mlebet, ingkang marginipun dèrèng sedaya saget kaambah kendaraan ageng (bus ageng).

Pesisir Banyunibo ing Desa Widoro, Kecamatan Donorojo. Ing pesisir mesnika wonten grojoganipun (air terjun). Mapan wonten iring kilèn Pacitan, cocog menawi wisatawan saking arah kilèn (Wonogri, Solo) njujug mriki rumiyin.

Lajeng **Pesisir Buyutan**, kanthi andhalan pasir ingkang pethak lan resik. Pesisir punika inggih wonten kecamatan Donorojo. Dèrèng sinengkuyung prasarana margi ingkang saé.

Pesisir Klayar, mapan ing Desa Sendang, Kecamatan Donorojo. Pesisir ingkang sanget ngelam-elami, pasir pethak, séla-séla karang, saha wonten toya muncrat (air mancur) ing antawisipun séla-séla karang. Sampun kathah kawangun warung-warung saha papan ngénggar-énggar. Emanipun kendaraan ageng dereng saged mlebet mriki, marginipun ciut. Pramila menawi mbeta kendaraan ageng kedah parkir wonten Punung (margi ageng) lajeng pados kendharan alit (colt)

Pesisir Tamperan, mapan sakilenipun Telengria, marginipun wiyar, amargi rumiyin jaman penjajah wonten gudhang sarempun. Era warsa 1960 an sanginggilipun gudhang sareng kabangun petamanan saha wonten kolam renangipun. Sakpunika sampun mboten wonten. Gudhang sareng ugi sampun dipun rubah dados Pusat Pelabuhan Perikanan. Pesisir Tamperan menika gandhèng

kaliyan Telengria. Pesisir Telengria rumiyin kasebat Barehan.

Pesisir Kali Uluh, mapan wonten désa Klesem. Kecamatan Kebonagung, 30 km sakwétanipun kitha Pacitan. Pesisir Kali Uluh nggadahi ombak ageng, babagan (pantai) ingkang wiyar saha pemandhangan ingkang ngelam-elami. Margi dumugi lokasi sampun lumayan Ing pesisir Kali Uluh kagem ingkang kepengin nyipeng, wonten panggènan nyipeng.

Pesisir Sogé mapan wonten désa Sidomulyo, Kecamatan Ngadirojo, persis kelangkungan margi JLS. Kreteg Sogé ing sacelakipun pesisiripun nambahi éndahipun sesawanagan. Punapa malih langkung JLS ingkang mulus, paredèn ingkang katembus margi, taneman klapa, pemandhangan sakalangkung éndah..

Pesisir Taman, mapan ing désa Hadiwarno, Kecamatan Ngadirojo. Kathah ingkang nyebat teluk Lorok, margi JLS langsung sak elèripun. Pesisir Taman sampun dangu dados jujugan wisatawan ing Pacitan éring wétan. Wonten area "outbond" ugi wahana "flying fox" saha konsevasi penyu.

Punika papan-papan wisata alam pantai ing Pacitan ingkang sampun saged tinempuh kendaraan ageng saha alit.

Taksih kathah pesisir sanesipun ingkang dados tujuan wisata ing Pacitan, namung kemawaon taksih kapambengan aksès margi ingkang dèrèng nyengkuyung. Kados **pesisir Jetak** ing Kecamatan Tulakan, **pesisir Buyudan** ing Kecamatan Donorojo, **pesisir Karangbolong**, kecamatan Donorojo, **pesisir Sruni** ing désa Jlubang, Kecamatan Pringkuku, **pesisir Tawang** ing Katipugal, Kebonagung, **Pesisir Kunir** wonten désa Pager Kidul, Kecamatan Sudimoro, **pesisir Wawaran** désa Klèsem. Kecamatan Kebonagung, **pesisir**



Pemandian air hangat "Tirta Usada" di Kec. Arjosari

Bawur, désa Bawur Kecamatan Sudimoro, ingkang sakmenika dipun degaken PLTU, saéngga wisatawan kangélan mlebet.

Wisata Alam sanèsipun.

Banyu Anget "Tirta Husada" Sumber toya bentèr ingkang dipunsukani nami Tirta Husada menika mapan ing désa Karangrejo, Kecamatan Arjosari, 15 km sak elèripun kitha Pacitan. Menawi saking arah elèr (Ponorogo) dugi Kecamatan Arjosari menggok ngilèn (nengen) namung 3 km. Marginipun saé ngantos lokasi, papan parkir jembar.

Tirta Husada wonten kolam renang 4, kalih kanggé dhiwasa kalih kanggé laré-laré, saha wonten 10 kolah, toyanipun wonten ingkang bentèr wonten ingkang anget. Tirta Husada saget kangge pengobatan utawi terapi sakit gatel, linu-linu, rematik, gudhig, pramila mboten natos sepen. Dipun bikak 24 jam, njagèni ingkang badhe kungkum dalu. Inggang ngersakaken saré wonten villa kalih, saha taman kanggé dolanan laré-laré.


Gunung Lima, redi menika mboten ageng, mapan wonten désa Mantrèn, Kecamatan Kebonagung. Dumugi Mantrèn kedah mlampah minggah ndeder, kanggé tumuju puncaking redi. Ing tengah redi kanggé nglajengaken mingah kedah minggah andha cacah kalih, lajeng mlebet séla gapit. Kados mlebet trowongan, badhé mlebet wiyaripun namung watawis 20 cm, dados mlebet kedah miring. Senaosa makaten tiyang ageng, alit, lemu, sadaya saged mlebet lan pas. (Menika kalebet keanèhan, misteri alam) Nanging ing lebet wiyar. Trowongan Séla gapit panjangipun watawis 5 meter.

Dumugi puncak, sadaya raos kesel dados ical awit kalipur éndahipun sesawangan. Ing kidul katingal samodra Indonesia, ngilèn kitha Pacitan, ngalèr ngétan pegungan kendheng kidul. Angin sumribit, sok-sok banter, ugi kala-kala kasaput kabut. Puncakin redi rata kinten-kinten wonten 10 meter persegi wiyaripun.

Makaten papan wisata alam ing Kabupaten Pacitan. Kajawi wisata alam taksih wonten wisata budaya, wisata religi saha wisata kuliner. Mugi ing wendal sanès saget kulaaturaken.

Nuwun. (J.F.X. Hoery)

TAMAN WISATA KILI KILI INGKANG NGRESEPI ATI



Setunggal melih papan wisata alam wonten kabupaten Trenggalek ingkang ngresep nurani. Inggih menika papan wisata taman Kili Kili. Persisipun inggih menika, manggen wonten Bendogolor desa Wonocoyo kecamatan Panggul.

Menawi panjenengan badhe tindak taman wisata Kili Kili, lajeng mboten ngasta kandharaan *pribadhi*. Ampun kuwatos. Amergi, titiyan *umum* ingkang tumuju lokasi wisata, inggih sampun kathah. Margi saking kitha kabupaten Trenggalek, tumuju lokasi wisata inggih sampun alus mulus. Utaminipun, saking kitha Trenggalek dumugi kecamatan Panggul. Inggih, namung watawis, wonten 850 m dereng dipun aspal. Taksih arupi margi pasir.

Mergi *alamiah* kados menika, malah para wisatawan manca negari ingkang remen.

Para wisatawan saking mancanegari, nyuwunipun *alamiah*. Dereng *karekayasa*, Mboten menika arupi papan panggenan wisata, utawi marginipun. Wonten salah setunggalipun wisatawan manca negari saking negari Kanguru

Australia. wekdal wisata dhumateng taman Kili Kili, kalih pemandhu wisata nipun badhe dipun sewakaken kendharaan saking kecamatan Panggul dumugi papan lokasi wisata taman Kili Kili. Ananging, judheg, mboten purun. Piyambakipun malah remen mlamplah. Kamangka saking kecamatan, dumugi papan wisata taman Kili-kili watawis taksih wonten 1,5 km. Wisatawan menika sajak ngresep sanget tindak-tindak wonten ing margi-margi sekitaripun mriku. Utaminipun, margi ingkang taksih *alamiah*. Kados margi dhumateng taman wisata Kili Kili menika. Wekdal pemandhu wisatanipun payah. wisatawanipun taksih kiyeng. Taksih kiyat. Malah menawi pemandhunipun wisata mboten kiyat badhe dipun gendhong. He he he malu ah...!

Benten melih, menawi para remaja nem-neman kados lare-lare PRAMUKA utawa ingkang kagabung wonten Remaja Pecinta Lingkungan Hidup, saha adhik-adhik ingkang *hobby* Cemping. Biasanipun inggih namug remen dampyak-dampyak. Mlampah

sesarengan kalih kanca-kancanipun. Mboten supe, kalih cilang-ciling pados tandhing. Mangke menawi wonten remaja putri ingkang sajak nuju prana ngoten. Lha inggih, dipun beda. Ngoten menika wajar. Dhasar inggih para remaja!

Mlebet papan wisata taman Kili Kili mboten dipun tarik karcis. Alias *gratis*. Amergi inggih mboten usah ongkos menika. Salah setunggalipun, kathah dipun dugeni para wisatawan.

Miturut dhata ingkang saget kaimpun dening penulis: 86% Wisatawan dhomeistik saking tlatah Trenggalek, 13% wisatawan domestik sanjawinipun kabupaten Trenggalek. 1% wisatawan manca negari.

Menawi badhe tindak glencer dhumateng papan wisata Taman Kili Kiki, mboten ngasta kendharaan *priadhi*, angkutan *umum* inggih sampun kathah. Saking Terminal Trenggalek saget nitih Elef, ongkosipun watawis Rp 25,000,- dugi kacamatan Panggul. Saking ngriku, nuju lokasi wisata taksih watawis 1,5 km. Saking kecamatan Panggul, ngantos dumugi paman wisata taman Kili Kili. Sedulur paman Ojeg inggih sampun kathah ingkang purun ngeteraken ngantos jlug papan panggenan wisata.

NAMI KILI KILI

Taman Wisata Kili Kili mujudaken papan wisata alam ingkang arupi pesisir. Menawi sonten, katawis

endah mranani manah. Amergi, sang Surya ingkang sampun gemlewang mangilen sunaripun katampani ombak alun samodra. Katon endah, lerap-lerap awarni kencana. Wonten angkasa, sanginggelipun ombak alun samodra, menawi mendhung mbonten nggentayung, candhi rengga utawi candhi kala ugi katawis kencana. Lukisan alam ingkang endah nuju prana.

Rumiyin wekdal dereng kathah panglipur, kados: televisi, HP ugi tontonan lintu-lintunipun, lare-lare dhusun ngriku kathah ingkang remen pados Jangkrik jaler. Kejawi remen suwanten utawi kalih ngerik ipun, ugi wonten ingkang dipun edu. Lha kajenge jangkrik jaler semangat tandhing, menawi badhe dipun adu jangkrik dipun kileni rumiyin. Saking ngili jengkrik jaler punika, salajengipun taman wisata ingkang arupi pesisir menika kanamekaken taman wisata Kili-Kili. Ngantos dugi samenika. Ananging, menika inggih namung dhapur dedongengan. Liripun, menawi dipun paido inggih mboten mengeng. Makaten ujaring kandha. Dumadosipun nami papan wisata Kili Kili menika.

MANCING MANIA

Papan panggenan wisata Kili Kili menika, kejawi kawentar minangka papan panggenan: wisata, ugi kamekaraken melih minangka papan panggenan pemancingan *mania*. Para *penghobby* mancing



ingkang samenika sampun jelah mancing wonten kolam pemancingan, alternatifipun inggih menika mancing wonten papan pemancingan alam. Kados ta wonten papan wisata pesisir Kili-Kili. Pramila kathah para mania mastani papan panggenan menika, mujudakaken surga para pemancing.

“Mancing wonten alam langsung, kados wonten pantai Kili Kili menika langkung *menantang mas*” Ngedikanipun pak Rony Sugara Pemancing mania saking kitha tahu kuning Kediri dhumateng penulis. Panjenengan ugi ngendikakaken, menawi sampun kaping tiga mancing wonten taman Kili Kili mriku. Kadosipun inggih kepranan sanget mancing wonten pantai Kili Kili menika. *Hobby* Mancing kalih rekreasi.

Menawi malem liburan. Kados ta dinten minggu ngoten, ingkang ndugeni papan panggenan wisata ngriku, mboten namung winates saking para pemancing lokal. Ananging, para mania pemancing njawi wilayah Trenggalek ugi kathah.

KONSERVASI PENYU

Papan wisata taman Kili kili: kejawi minangka papan wisata, pemancingan uga minangka papan wisata *konservasi* Penyu. Tukik ingkang mujudaken anak Penyu menika wonten ing taman Kili Kili *katernakaken*. Supados, kewan seganten ingkang nurunaken keturunanipun kanthi cara nigan punika saget lestari. Mboten ngantos *punah*.

Saderengipun wonten adeg-adeg *konservasi* penyu, kathah para mbembedag utawi



berburu tigan penyu liyar. Tiyang-tiyang ingkang mboten gadhah tanggul jawab punika saget ndamel punahipun para penyu. Masyarakat sekitaripun mriku taksih kathah ingkang percados, menawi kewan penyu menika taksih nggadhahi daya kekiyatan gaib.

Para sedulur sekitaripun mriku kathah ingkang percados, menawi

mangsa penyu nigan nggadhahi pangaribawa. Kados-kados, *mbayoni* masyarakat sekitaripun mriku. Inggih menika, kanthi hawa ingkang asrep sanget. Ngantos samenika, taksih kathah ingkang percados *kapitayan mbayoni* niku. Menawi mangsa asrep, ujaripun saking pangaribawanipun penyu ingkang nembe nigan. Inggih kados makaten menika, penulis alami piyambak. Amergi penulis ugi asli putrapesisir.

Penulis angkat topi. Ngacungaken jempol, dhumateng sanak sedulur ingkang taksih *pedhuli* kalih lestarinipun kewan penyu. Kanthi ada-ada ngawontenaken *konservasi* penyu wonten pesisir Kili Kili menika. Inggih, supados Tukik si anak penyu mboten ngantos *punah*. Wonten ing tembe nipun para putra wayah kita, taksih saget ningali *proses* saking tukik(anak penyu) ngantos dumugi

penyu. Kanthi keanehan alam. Wekdal nigan, kok saget *mbayoni*. Syukur kadadosan menika, saget katliti kanthi kaca paningal ilmiah.

*** Nuwun
St. Sri Emyani



Esuk mruput sadurunge srengenge mlethek, Sikam wis budhal golek pakan wedhus menyang alas kayu putih. Alas kayu putih ing sadawane dalan menyang kutha kuwi pancen akeh suket ing kiwa tengene. Durung yen mlebu njero alas, arep golek pirang angkatan ora kurang-kurang.

Udakara jam nem esuk Sikam wis oleh suket rong keba. Sadurunge mulih dheweke kober leren jagongan karo mbah Joni kang uga padha-padha golek pakane. Anggone jagongan ora suwe kaya padatane nalika ing omah. Ya mung leren sauntara ngilangi kesel sinambi rokokan.

Durung suwe anggone nyumet rokok, dumadakan mbah Joni mbengok banter karo menyang saka lungguhe.

"Awasssss, mburimu!" pambengoke mbah Joni.

Sakala Sikam langsung noleh memburi. Durung nganti ngadeg dumadakan ana ban mobil kang ngglundhung banter arep ngantem dheweke. Begjane Sikam langsung nibakake awake menyang lemah. Ban kang ngglundhung banter mau banjur ngliwati sikile

DITABRAK BAN

banjur nabrak wit asem lan nyemplung njero alas.

"Byuhh, begjamu Kam, kowe bisa endha." kandhane mbah Joni thenger-thenger.

"Iki mau yen ngantem awakku dadi apa aku, Mbah?" pitakone Sikam kang entek atine.

Ora let suwi banjur ana wong kang mara nyedhaki. Jebul wong mau nakokake ban kang arep nabrak Sikam.

"Bane wau teng pundi, Puh?" pitakone wong mau marang mbah Joni.

"Mlajeng mrika lo. Tuebih!" Sikam nyaut mangsuli sinambi nduding menyang njero alas.

"Byungalah, gck njenengan wau mboten napa-napa, Mas?"

"Mboten, kok. Aman. Ning jantungge meh ical!" wangsulane Sikam rada anyel.

Pawongan mau banjur njaluk sepura kang akeh dene ban mobile kang ucul arep nabrak Sikam. Sawise ketemu, Sikam lan mbah Joni rumangsa mesakake lan melu ngrewangi masang ban.

Gayuh R. Saputro

Melu Manten

Bubar jaga Try Out kelas XII, dumadakan Pak Yul nggoleki Bam, guru nom kang saben dinane ngewangi ing kurikulum. Pak Yul kandha yen arep manten. Wektu kuwi bojone kepeksa ora bisa melu. Merga ora pengin ijenan, Pak Yul banjur ngejak Bam kanggo batur.

"Piye, Mas? Bisa ya, mung sedhela wae. Panggone neng hotel Kembang Setaman kono wae lo. Salaman njur mulih." kandhane Pak Yul.

"Sapa sing mantu, Pak? Hla aku apa kenal lo, Pak? Emoh. Isin aku." wangsulane Bam.

"Nggone kanca guru SMP 8. Ora apa-apa, Mas. Wong amplopku ya loro kok. Dadi padha karo sampeyan makili bojoku."

Bam meksa ora gelem dijak manten. Dheweke ngrumangsani yen ora kenal karo sing nduwe gawe. Sejene ngono uga isin yen ketemu wong sing dikenal, banjur ditakoni rena-rena. Bareng dipeksa, wusanane Bam gelem ngancani Pak Yul.

"Mantene lanang saka ngendi lo, Pak?" pitakone Bam nalika ing dalan.

"Lumajang jare, Mas."

"Apa takngaku kancane manten lanang wae ya mengko upama ana sing takon."

Pak Yul mung ngguyu kemekelen weruh Bam katon bingung. Kamangka wis dikandhani yen ora apa-apa. Upama ana kulawarga sing durung kenal marang tamune kuwi lumrah. Awit undangane akeh. Yen ora kancane manten bisa uga kancane wong tuwane manten. Apa maneh tamu wajib nganggo masker, mula tambah aman.

Bam mung manut Pak Yul. Dheweke ngetutake ana mburi. Pak Yul langsung mlebu nyalami para among tamu. Yen ora kenal mung mesem karo aruh-aruh. Bareng ana sing kenal ndadak mandheg lan omong-omongan sedhela. Among tamu mau banjur nyalami Bam sinambi kandha,

"Lho iki Mas Bam, sing ketemu ing lomba kae ya." cluluke.

"O inggih, Bu. Mangga." wangsulane Bam, kenal yen kuwi mau guru ing SMA 4.

Tekan panggung Bam ndadak gawe dhagelan. Dheweke wegah dipoto lan anggoné nyalami manten lanang sok akrab kaya karo kancane. Mudhun saka panggung, Bam ngguyu kepingkel-pingkel.

"Pak Bam." cluluke bocah wadon nom kang menehi souvenir lan brekat.

Dheweke ora pangling yen kuwi alumni kang lagi wae lulus. Mung wae jenenge ora apal merga padha macak kabeh. Dene kang menchi brekat isih dadi muride.

"O iya. Matur nuwun ya."

Anggoné ngguyu ora ana enteke. Jebul senjata isih nganggo masker isih ana sing kenal. Kang nambahi kaku ing weteng yaiku ndadak ketemu muride kang ora liya isih adhine manten wadon.

"Tenan ta, Pak. Sida konangan tenan. Sesuk yen ditakoni muride dhewe piye?" kandhane Bam.

"Halah ora apa-apa, Mas. Tenang wae. Sing penting brekate mengko gek dipangan."

Wong loro padha ngguyu kemekelen ora mandheg-mandheg. Kok ya ana-ana wae lakone wong ndelok manten.

Gayuh R. Saputro

Dukuh Wotan RT/RW 02/02 Ds. Wotan,
Kec. Pulung, Ponorogo. 63481, 081333693866

Piwulang Adiluhung, Saka Leluhur

Kaimpun dening : J.F.X. Hoery

TEMBUNG kaprawiran iku padatane ditegesi kekendelan utawa kuwanen, kanthi nebah jaja iki dhadhaku endi dhadhamu. Ngelmu kaprawiran tegese merdi ilmu atosing balung kandelung kulit. Beda maneh karo unine piwulange para jambur, para pujangga . Tembung kaprawiran nduweni makna lan surasa kang luwih jero. Dhasaring ngelmu ora tumuju marang babagan adu kasantosan, nanging marang luhuring bebuden. Dadi mungguh kang dikarepake prawira ing kene, yaiku watak wantu kang kasinungan alus lan luhuring budi.

AJA tidha-tidha nindakake pakaryan kang miturut panemumu mesthi becik lan sampurna dadine. Kaweruhana yen sangune panggawe iku mesthi kinampung ing rubeda , kaya geni kang kinampung keluke. Kasantosan ing ati kang bakuh, kuwat pangerti kang buntas apadene ngayoni, iku mono syarat kang wigati kanggo nindakake sadhengah pakarti. Wondene rembuging liyan , kena dirungu lan dirasa, nanging putusane kudu ngugemi cipta lan karsane dhewe, kanggo bebundhelane sarana : saguh, kuwat, percaya bakal mrantasi gawe.

KASUSAHAN apadene panalangsa mono sabenera bisa dadi guru sarta wohing kaluhuran. Lire, sapa kang wis bisa ngundhuh pathining kasusahan satemah bakal bisa ngrasakake papa cintrakaning liyan, Kawusanane bisa nglairaken sikep ber budi ambeg paramarta. Nanging sabalike, yen ta nganti kleru patrap lan panampane , malah bisa memalangi ajuning kekarepan kang luhur. Mula samangsa lagi kaparingan bungah, elinga marang sasama kang lagi mbutuhake pitulungan. Yen lagi nandhang susah, tampanana kanthi leganing ati lan elinga yen uripmu ing donya iki ora ndheweki.

NGUDIYA ngelmu saakeh-akehe lan sakdhuwur-dhuwure, kanggo labuh marang sapepadha, kanggo nggayuh katentremaning

bebrayan mungahing marang rahayune jagad, sarana nyebar kabecikan. Nanging yen wis mangkono tansah elinga , yen lakune jagad iku sabenera nyaluk padha-padha. Mula aja sok dhemen ngongasake kaluwihanmu ing ngarepe liyan. Sabab sok sapaa bae kang dhemen mamerake kaluwihane , iku malah mratandhani manawa dheweke ora kuwat kanggonan apa kang dipamerake mau. Ajine sabenera mung tunemu ing sangisore.

KANG sinebut sinatriya iku ora mung para kang andon yuda ing satengahing payudan nglabuhi nusa lan bangsane. bac. Naging, utamane yaiku para kang wis bisa ngendhakake nafsu-nafsune kang sarwa cengkah karo ancas nggayuh karahayoning sapepadhaning tumitah. Iya pakarti kang kaya mangkono iku mau kang pantes sinebut , pahlawan kang menang perang.

TEMBUNG kaprawiran iku padatane ditegesi kekendelan utawa kuwanen, kanthi nebah jaja iki dhadhaku endi dhadhamu. Ngelmu kaprawiran tegese merdi ilmu atosing balung kandelung kulit. Beda maneh karo unine piwulange para jambur, para pujangga . Tembung kaprawiran nduweni makna lan surasa kang luwih jero. Dhasaring ngelmu ora tumuju marang babagan adu kasantosan, nanging marang luhuring bebuden. Dadi mungguh kang dikarepake prawira ing kene, yaiku watak wantu kang kasinungan alus lan luhuring budi.

AJA tidha-tidha nindakake pakaryan kang miturut panemumu mesthi becik lan sampurna dadine. Kaweruhana yen sangune panggawe iku mesthi kinampung ing rubeda , kaya geni kang kinampung keluke. Kasantosan ing ati kang bakuh, kuwat pangerti kang buntas apadene ngayoni, iku mono syarat kang wigati kanggo nindakake sadhengah pakarti. Wondene rembuging liyan , kena

pitutur luhur

dirungu lan dirasa , nanging putusane kudu ngugemi cipta lan karsane dhewe, kanggo bebundhelane sarana : saguh, kuwat, percaya bakal mrantasi gawe.

KASUSAHAN apadene panalangsa mono sabenera bisa dadi guru sarta wohing kaluhuran. Lire, sapa kang wis bisa ngundhuh pathining kasusahan satemah bakal bisa ngrasakake papa cintrakaning liyan, Kawusanane bisa nglairaken sikep ber budi ambeg paramarta. Nanging sabalike, yen ta nganti kleru patrap lan panampane . malah bisa memalangi ajuning kekarepan kang luhur. Mula samangsa lagi kaparingan bungah, elinga marang sasama kang lagi mbutuhake pitulungan. Yen lagi nandhang susah, tampanana kanthi leganing ati lan elinga yen uripmu ing donya iki ora ndheweki.

NGUDIYA ngelmu saakeh-akehe lan sakdhuwur-dhuwure, kanggo labuh marang sapepadha, kanggo nggayuh katentremaning bebrayan mungahing marang rahayune jagad, sarana nyebar kabecikan. Nanging yen wis mangkono tansah elinga , yen lakune jagad iku sabenera nyaluk padha-padha. Mula aja sok dhemen ngongasake kaluwihanmu ing ngarepe liyan. Sabab sok sapaa bae kang dhemen mamerake kaluwihane . iku malah mratandhani manawa dheweke ora kuwat kanggonan apa kang dipamerake mau. Ajine sabenera mung tunemu ing sangisore.

OMONGAN kang metune kanthi tinata runtut kang awujud sesuluh sarta amot pitutur becik, ajine prasasat ngungkuli mas picis rajabrana, kang bisa nggugah budi luhur lan beninge pikir. Nanging poma-poma dieling, samanngsa grengsenging pikir lan uriping jiwa iku ora bisa yen mung kagugah sarana wicara wae. Kang luwih wigati yaiku, wicara kang mawa tandang minangka patuladhan, jer tuladha mono bisa nukulake kapiotayan.

POLATAN kang sumeh, tindak tanduk kang sarch sinartan tembung aris iku bisa ngruntuhake ati sarta ngedohake penggodhane setan. Suwalike watak wicara kang keras, kajaba bisa nggugah kanepson,uga gampang nuwuhake salah panampa. , Samubarang prakara kang sabenera bisa

dirampungake kanthi sarch, kepara malah salah daden bisa dadi adu otot lan adu atosing balung, ngambra-ambra ora ana karampungane.

WONG kang nggayuh idham-idhaman sarana niba tangi iku wis kinaran lumrah, marga tansah ngalami pepalang sarta sandhungan kang ora dinuga. Nanging sok sapaa kang wani tangi sawise tiba, iku nuduhake santosaning tekade. Sapa kang nduweni tekad mangkono iku ora gampang bali ndalan, gedhene nganti kentekan pangarep-arep. Jer alangan lan sandhungan kang wola-wali iku dianggep kayadene pandhadharan minangka pitukone gegayuhan.

MANUNGSA iku ora bisa uwal saka panggodha, jer panggodha mono sumbera ora liya saka awake dhewe. Asale saka uwohing pikir kang ngayawara, banjur ketarik marang kekarepan ala, sing wusanane nglairake pakarti nistha. Sapa kang ing wiwitane enggal tumandang nangulangi bakal mundhak kasampurnane lan patut sinebut wong kang santosa ing budi. Balik sapa kang tansah nguja lan semaya, kekuwatane batin saya ringkih satemah bakal dadi bubrah ngambrah-ambrah.

JEJERING pemimpin mono kudu nduweni watak satriya pinandhita. Sakabehing tindak tanduk kudu tansah gumantung marang krenteging ati kang tulus saka keteg jantungge. Watak satriya njaga amrih amaning nagara, watak pandhita murih sampurnaning pati, lire klebu pawongan pinunjul kang kanthi sabar kacongga ngadhepi lan mbrastha samubarang kang memalangi. Sarembug wicarane pancen kacongga gawe gawok, wegig lan wasis ngrengga basa, suprihe bisa nuwuhane tentreming bebrayan

RUMANGSA isin yen nindakake pakarti musrik iku karan jeneng bener. Nanging bakal luwih utama yen bisa milah-milah endi sing bener lan endi salah , iku aran wong wasis. Mula udinen amrih kowe bisa ndarbeni kawasisan, supaya uripmu ana guna paedah lan ora mung dadi wong kang mung elon-elonan kaya patrape wong pengung



ACAR GURAMI TRESNO

Resep saking Istirah

Bahanipun:

1. Ulam gurami 500 gr
2. Timun 1
3. Wortel 1
4. Lombok abrit ageng lan lombok rawit

Bumbu alus ;

1. Bawang 5 siyung
2. Kemiri 5 wiji
3. Jahe 1 ros
4. Kunir 1cm
5. Gendhis petak
6. Sarem
7. Cuka

Caranipun damel;

1. Ulam gurami dipun resiki, direndem sarem kaliyan toya jeruk pecel, lajeng dipunngoreng
2. Timun, wortel, lombok dipun iris
3. Bawang, kemiri, jahe, kunir dipun uleg alus, lajeng ngangsa ngantos bumbu mateng, tambahaken timun, wortel, lombok iris ngangsa ngantos alum, lan tambahaken toya, gendhis petak, sarem, ugi cuka. Menawi sampun umob lan ugi mirasa saged dipunangkat saking kompor.

Siapaken piring saji, gurami dipunsiram kaliyan acaripun. Acar gurami tresno siap dipunsajiaken.

GAMPANG PRAWOTO,

SASTRAWAN JAWA LAN PEGIAT

ING SANGGAR SASTRA PSJB

(PAMARSUDI SASTRA JAWI BOJONEGORO)

Ing kalodhangan punika *Titis Basa* kaleresan nganglang jagad dhateng bumi Angling Darma inggih wewengkon Bojonegoro. Menawi saking kitha Surabaya dhateng Bojonegoro punika wetawis 111 km, utawi tigang jam kanthi nitih kendaraan mobil.

Saking kitha Bojonegoro tasik mlebet dhateng kecamatan Sumberrejo kirang langkungipun tiga welas kilo meter nembe dugi desa Pejambon. Satunggaling desa ingkang masyarakatipun taksih gamben ing olah tetanen, mila satengen keringipun margi ketingal ijo lan rinaos asri.

Karaya-rayu tebih saking kitha dumugi desa Pejambon punika redhaktur kalawarti *Titis Basa* namung saperlu kepanggih kaliyan Mas Gampang Prawoto ingkang kala tanggal 21/10/2021 kaleresan bukunipun kembang sataman geguritan "**Mabur Saka Swarga**" nampi bebungah pangaji-aji **Anugerah Sutasoma** saking Balai Bahasa Jawa Timur mligi buku sastra daerah pinilih.

Saget dipun tepangaken pryia rekma gondrong punika asmanipun Mas Gampang Prawoto. Ing kalodhangan anjangsana punika, redhaksi wawancara kanthi anteng ngenani jagading kapanyairan kasusastran mliginipun jawi. Sanadyan ing wawancara dinten Senin, 06/11/2021 ing sanggar Sastrowidjojo punika namung wonten kopi lan menyok goreng ananging acara punika karaos gayeng.

Mas Gampang Prawoto asring damel nami sesinglon Sastrowidjojo. Piyambakipun lair ing Bojonegoro 23 Oktober 1971 nate kuliah ing jurusan Bahasa dan Sastra Universitas Adi Buana Surabaya lan UMM Universitas Muhammadiyah Malang. Pandamelan sabendintenipun mucal dhateng SDN Pejambon Sumberrejo Bojonegoro. Kajawi punika ingih kajibah Carik ing Sanggar Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro (PSJB), anggota Kostela, Among "Sanggar Sastrowidjojo" ugi ketua Lembaga Kebudayaan Desa Pejambon.

"Kula nyerat geguritan utawi puisi punika ajeg kula unggah dhateng Facebook. Mila, kula boten nate nyerat status Facebook menawi boten kalebet seratan sastra," pangandikane. Awit boten sedaya tiyang remen kalihan seratan sastra utaminipun geguritan utawi puisi, ing saben ngunggah status facebook tansah dipun paringi




foto utawi gambar wanita ayu pangajab wonten ingkang nglirik, mikat ati utawi saget mranani dhateng unggahanipun.

Media sosial kados *Facebook*, miturut pamanggihipun boten namung ajang sosialisasi, ananging ugi papan empan kangge ngedalaken lutak salebetipun pangangen ugi papan piranti nyimpen karya sastra ingkang sampun lair saking pamikiripun. Mas Gampang ngraosaken bilih wonten panjurung utawi motivasi piambak tumrap dhirinipun salebeting jagad panulisan, ing antawisis satunggalipun, gara-gara *Facebook*. "*Saderengipun wonten karya ingkang rampung, kula mboten nyerat punapa-punapa dhateng Facebook*" piterangipun ingkang dipun pungkasi kalihan nyuruput kopi.

Mas Gampang klebet panyerat geguritan ugi puisi ingkang gamben. Kathah geguritan ugi puisinipun ingkang boten kapacak dhateng ariwanti ugi kalawarti ananging boten sekdhik ingkang kapacak dhateng hudyana lan taksih kathah ingkang dereng dipun cetak arupi kembang sataman arupi buku. Mas Gampang punika minangka panampi bebungah pangaji-aji "*Penghargaan Satra*" Balai Bahasa Jawa Timur ing taun 2014 lumantar buku kembang sataman geguritan **Puser Bumi** (2013) (sapunika ingkang sesulih nama **Anugerah Sutasoma**). Kejawi buku punika wonten Prosa liris **Perempuan adalah Perempuan** (2003), Antologi puisi **Suluk Berahi** (2017).



Karya-karyanipun, punika arupi gurit utawi puisi, tansah lahir saking papan pangangen ingkang saged dipun gayuh kaliyan akal lan nalar pamikiranipun. Boten dadosaken pangeram bilih Mas Gampang anggadhahi laku ugi lelalu salebeting pangumbaran margi ingkang panjang ing proses kapenulisane. Sanadyan remen nyerat nalika taksih lenggah wonten bangku SMA, ananging saestu-estu nyerat punika nalika sesarengan kalihan kanca-kanca seni rupa ugi teater kuliah dhateng Surabaya.

Nalika semanten : 1995, nate kuliah Bahasa dan Sastra Indonesia dhateng Universitas Adibuwana Surabaya. Nalikanipun teori kalihan praktek kirang imbang mila semangat nyerat karabuk kaliyan komunitas seni rupa. *"Menawi wonten pameran lukisan kula ndherakaken. Nanging ingkang kula pameraken seratan puisi salebetipun kanvas."* pangendikanipun jlentreh. Boten namung puisi lan seni rupa kemawon aktif nanging ugi dhateng bidang teater lan musik, kanthi madegaken UKM Musik dhateng kampusipun.

Sawangsulipun saking Surabaya:2002, boten wangsul dhateng tanah klairanipun Desa Pejambon. Ingkang dados dhasaripun inggih punika dereng wonten kanca utawi tetepangan kangge mitra proses kesenian sesarengan. Mila 'mampir' dhateng Lamongan gabung kaliyan Kostela (Komunitas Sastra Teater Lamongan).

"Dhateng Kostela kepanggih sesepuh sastra Lamongan, antawisipun mas Herry Lamongan, Sutardi, Bambang Kempling, Pringgo HR, lan budayawan-budayawan sanesipun. Nalika dhateng Kostela kula kapatah dherekaken pelatihan sastra etnik dhateng Taman Budaya Surabaya. Dhateng pelatian punika:2003 kula nembe kepanggih lan tepang kalihan sedherek Harry Balung Guru Nugroho sakanca saking PSJB Bojonegoro," cariyosipun kanthi makantar lan gamblang.

Bojonegoro minangka pilihan Mas Gampang gabung manunggal dhateng Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro (PSJB) minangka wadah nem-sepuh pandhemen sastra jawi lan proses sesarengan Rama JFx. Hoery, Hary Nugroho, Her Bayan, Herry Abdi Gusti ugi Her... Her ... sanesipun. Mila ing taun 2003 PSJB nerbitaken buku kembang setaman Bojonegoro Ing Gurit, minangka buku sepisan kang kacethak.

Harry, guru ingkang celak kalihan jagading purbakala. Sakeplasan kados boten wonten gandheng cenengipun, antawisipun kapurbakalan kaliyan jagading kasusastran. Ananging jagading panyerat betahaken sisik melik arupi tembung ingkang saget bangun tembung salebeting wacan, saking kawruh-kawruh panyeratipun. *"Jagading kapurbakalan punika unik lan antik. Kathah sanget barang ingkang ewet sanget basanipun ugi ewet dipun basaaken kanthi cetha antawisipun barang kaliyan naminipun. Mila salebeting olah sastra asring mijil tembung basa purba ingkang teges ugi maknaipun ewet menawi dipun jlentrehaken."* Piterangngipun gandhes.

Pitakonan pungkasan saking *Titis Basa*. Sinten asma panggurit ingkang panjenengan remeni? Gampang nyebutaken asma: Sunono, Widodo Basuki lan Hery Lamongan. Lajeng sinten penyair ingkang panjenengan remeni? Nyebataken kalih asma: WS Rendra lan Emha Ainun Nadjib utaminipun saking karya-karyanipun.

Saderengipun *Titi Basa* mungkasi patemon kaliyan Mas Gampang Prawoto, panjenengane dherek weling *"Sok sinten kemawon menawi wonten sawenehing generasi mudha ingkang gadahi talenta onjo jumbuh kalawan bakat lan kelantipanipun mbok dipun fasilitas lan dipun perdi kanthi becik, bener lan trep. Mliginipun dhateng lare-lare ingkang lantip lan onjo ing babagan seni."* panutupe kanthi melas. Kalajengaken gojek lan ngunjuk kopi kang kanton sasruputan.



